




Bondye sitèlman renmen
lèzòm li bay sèl Pitit li a pou
yo.....(Jan 3:16)

Ki kote ou pwale? Ou bezwen pran yon desizzyon.

Jezikri

Satan



Tab de matyè

Entwodiksyon	Paj 1
Tout moun se pechè.	Paj 3
Nou déjà kondane.	Paj 5
Se nan Jezi sèlman wap jwenn padon.	Paj 7
Sove a, se yon kado li ye, ou jwenn li gratis.	Paj 10
Refòmasyon pa ka sove ou !	Paj 17
Batèm pa kapab sove ou !	Paj 18
Ale legliz pa kapab sove ou !	Paj 22
Sove pa gras	Paj 23
Sèlman pa la fwa	Paj 24
Jezi : egzanp, pwofesè oubyen sovè ?	Paj 28
Kisa travay itil menm ?	Paj 31
Lalwa ak Gras la	Paj 33
Avètisman	Paj 39
Konklizyon	Paj 44
Kèk vèsè sou zafè sove a	Paj 46

Prefas

Mwen vle di Bondye mèsi pou tout sa ke Li fè pou mwen avèk fanmi mwen e tout sa Lap kontinye fè nan lavi nou. Travay ke Lap fè nan nou an pa ankò fini, nou poko rive kote nou pwale a. Avèk gras ke Bondye sove nou an, se avèk li ke nap kontinye rout la. Liv sa a, se rezulta yon etid ki te fèt kote ke anpil moun te beni lè yo te rive konprann sa sove a ye. Nou te vin wè bezwen pou nou te mete etid sa a nan fòm ekri konsa nou panse ke plis moun ka kontinye beni nan konesans pawòl Bondye a.

Mwen te grandi nan yon fanmi katolik kote ke mwen te fè anpil bagay ke legliz katolik te mande tankou premye kominyon, konfime, konfese devan prêt, etcetera. Lè mwen te nan katòz, kinz ane daj, manman m te tonbe malad, se konsa fanmi an te vin antre nan protestan. Sa, se pat yon bagay ke mwen te bay enpòtans, paske pou mwen menm, ke se katolik, ke se protestan, se menm Bondye a nap sèvi.

Mwen te fè pwogrè nan sans ke mwen te batize ; mwen te prezidan jenès pandan yon valè tan ; apre sa, mwen te vin manm komite nan legliz kote mwen te konn mache. Pandan tout tan sa yo, mwen te konn ap jwe mizik nan legliz ansanm ak tout fanmi mwen. Bagay sa yo te dire environ kinz ane. Lè mwen te nan trantèn mwen yo, Bondye te vin mete sou kè mwen yon bezwen pou mwen te anvi konnen Li plis ke mwen te déjà konnen Li an. Mwen tap fè tout jefò mwen pou mwen te mache avèk Bondye. Men, anpil fwa, mwen santi ke mwen pat fè ase. Gen de fwa, mwen konn santi ke si Jezi ta tounen, mwen pa fin sèten ke mwen pwale avèk Li.

Konsa, mwen te kòmanse fè rechèch nan Bib la pou mwen te ka wè kisa ankò mwen te bezwen fè pou mwen te kapab si ke mwen pwale ak Jezi, lè Li tounen; sa vle di ke mwen pat konnen si mwen te sove vre. Nan ti liv sa a, wap wè kisa mwen te jwenn sou zafè sove a ki fè ke kounye a, mwen si e sèten ke nenpòt kilè Jezi ta tounen, mwen pwale avèk Li.

Si ou ta genyen yon kesyon osinon yon kòmantè ou ta renmen fè avèk Nou, ou kapab kontakte nou nan :

Jezi_se_wa@yahoo.fr osinon **Jezi_se_Bondye@yahoo.ca**

Franck Pierre-Jacques

Sove

Pa gen yon bagay ki pi enpòtan ke sove nan m ou. Jezi di konsa : « Kisa sa sa ta sèvi you moun pou lta genyen tout richès ki sou latè epi pou lta pèdi nanm li. »Matié 16:26

Kilè yon moun kapab di ke li sove ? Eske you moun kapab si e sèten ke nenpòt kilè lanmò ta pase pran li, se nan syèl la ke li pwale ? Eske yon moun kapab di kareman avèk konfidans ke si Jezi ta tounen jodi a, oubyen nan yon semèn osinon nan dizan ankò, li pwale viv avèk Jezi ?

Kesyon sa yo, se kesyon ki pi enpòtan pou yon moun ta kapab reponn e nou wè ke anpil moun pa kapab reponn kesyon sa yo. Lèzòm plis enterese avèk bagay sou tè a ki pa la pou lontan, bagay sa yo la pou yon ti kras tan. Bagay ki pi enpòtan an, se konnen ki kote ou pwal pase letènité ou ; men lèzòm meprize bagay konsa.

Ou te mèt fè sa ou vle, si Jezi pa gen tan vini, ou gen pou ou pase pa lanmò. Men, lanmò, se pa la fen an ke li ye. Aprè lanmò, ou gen yon kote pou ou ale, se swa ou ale nan lanfè osinon ou ale viv avèk Jezi. Se sèlman youn nan de (2) kote sa yo ke ou gen pou ou ale. Kote sa yo, ou pap la pou kèk ane, men ou ap la pou tout tan.

Si ou ta konpare tan ke ou gen pou fè sou tè a avèk tan ou pwale pase nan lanfè osinon avèk Jezi nou ta wè ke tan ke ou ap pase sou latè a, se yon ti tan tou piti li ye. Se kòm si tan ou ap pase sou latè se valè dlo ki nan yon bouchon kola ; Tan ou pwale pase kote ou pwale a, lè ou kite tè sa a, se valè dlo ki nan lanmè a.

Tan ke ou ap fè sou tè a, se kòm si se yon vwayaj ke ou ap fè. Le ou ap vwayaje, sa vle di ke ou gen pou ou rive kote ou pwale a.

Si yon moun ta gen yon kote pou li ale epi moun nan ta pran yon bale pou li ap netwaye tout wout kote ke li pase, tout moun ta di ke moun sa se yon moun tèt pa byen. Lè ou gen pou ou ale yon kote, se kote ou pwale a ki enpòtan, se pa wout la ki pi enpòtan. Ke wout la gen ròch, pikan osinon bèl flè, wout la pa kapab genyen plis

enpòtans pase kote ou pwale a. Sa ki gen plis enpòtans lan, destinasyon kote ou pwale a.

Ki kote wout ou pran sou latè a ap mennen ? Pa gen yon pil kote ke ou ka ale. Se swa ou pwale nan lanfè osinon ou pwale viv avèk Jezi ; se swa soufrans osinon kè kontan ; se swa ou pèdi osinon ou sove. Pa genyen okenn moun ki ta renmen ale nan lanfè ; pa gen moun ki renmen soufri. Tout moun ta prefere sove.

Kisa pou yon moun fè pou li kapab sove ?

Nou pa kapab reponn keksyon sa a dapre lide pa nou osinon opinyon lèzòm. Lèzòm fòme anpil relijyon ki bay tout kalite zide sou zafè sove a. Nou pap site non okenn relijyon, men genyen relijyon ki di ke se travay di, fè byen e fè jefò pou ou pa fè anpil peche pou ou ka rive sove. Genyen yon lòt menm ki di ke se dapre konesans ou ke ou ka rive sove ; plis ou etidye Bib la, se plis ou gen chans pou ou sove. Genyen moun ki di ke li pa fè diferans ki relijyon wap suiv, se menm Bondye a wap rele. Men se pa vre ditou !

Genyen kèk bagay nou bezwen konprann pou nou kapab apresie plan sali ke Bondye te fè pou tout moun kapab sove. Nan **Jenèz 2 :17**, Bondye di Adan konsa :

« *Jou ou manje nan donn pyebwa sa a, wap mouri* ».

Ezekyèl 18 :4 di nou konsa :

« *Moun ki fè peche a, se li menm kap mouri* ».

Women 6 :23 di nou konsa :

« *Peche peye nou kach, li ban nou lanmò* ».

Nan Jak 1 :15 menm, nou li :

« *Lè peche a fin fèt, li bay lanmò* ».

Kle pwoblèm nan se **peche**. Bondye vle fè nou konprann ke gen yon santans ki fèt pou peye lè ke yon moun fè peche, se **lanmò**. Lanmò sa a, se pa lè yon moun tonbe malad, epi li mouri osinon yo tire moun nan avèk yon fizi. Lanmò sa a pi di toujou ; **Revelasyon 20 :14** rele li **dezyèm lanmò**.

« Letan dife sa a, se li menm ki dezyèm lanmò a ».

Dezyèm lanmò a se soufrans nan dife lanfè lajounen kòm lannwit pou tou tan ak tou tan. Se plas ki rezève pou Satan ak move zanj rebèl yo.

Si pou mwen ta peye pou peche ke mwen fè yo, fòk mwen ta ale nan lanfè pou tout tan e etènèlman. Se pri sa a ke Bondye mande pou peche mwen yo. Bib la pa di ke pri peche m yo, se ale legliz. Menm si mwen ta mache bay nonm nan tout legliz ki nan peyi ya, sa pap sufi pou peye pou peche m yo.

Bib la pa di ke pri peche m yo, se mennen you lòt vi osinon fè byen. Menm si mwen ta fè mil ane ap fè byen, mwen pa tap janm rive fè ase byen pou mwen ta kapab antre nan syel la. Men kisa ke Bib la di : « Peche peye nou kach, li ban nou **lanmò** ». Yon sèl jan pou m peye pou peche mwen yo, se mouri epi ale nan lanfè e rete la etènèlman. Si nou ta ouvè yon parantèz pou nou ta eseye konprann kisa « **etènèlman** » vle di.

Sipoze ke nou ta ranmase tout sab ki bò lanmè ki sou latè epi nou ta mete yo nan yon sèl plas. Chak mil ane, gen yon zwazo nwa kap vini e kap pran yon gress sab pou 1 pote ale yon lòt kote. Enbyen gen yon lè kap rive, zwazo nwa sa ap rive pran dènye gress sab la, men etènèlman an ap kontinye toujou. Sa vle di yon moun ki nan lanfè ap kontinye ap soufri nan lanfè toujou e lap fenk kòmanse ap soufri.

Tout moun se pechè.

Eklesyas 7 :20 di konsa :


« Pa gen moun kap mache dwat sou latè, ki ka di tout sa lap fè byen, li pa janm fè sa ki mal ».

Women 3 :10 menm di :

« Nanpwen moun ki gen rezon devan Bondye. Non, pa menm yon gress ».

Vèsè 23 nan menm chapit la di :

« Tout moun fè peche ».



Sa ke nou bezwen konprann nan ti desen sa a, sè ke peche fè ke nou pa kapab gen yon relasyon avèk Bondye. Lèzòm pèdi relasyon li avèk Bondye nan jaden eden lan lè ke Adan te dezobeyi Bondye epi peche te mete pye. Depi lè sa a, relasyon lèzòm avèk Bondye te koupe. Peche ki fè ke nou pa kapab viv toupre Bondye.

Fot ke anpil moun fè, se konpare peche pa yo avèk peche pa lòt moun. Lè nou gade tout vye bagay ke lòt moun ap fè, nou konn vle kwè ke nou pa pi mal pase sa. Gen moun ki konsidere tèt yo kòm yon bon moun paske yo di ke yo pa vòlè, yo pa fè adiltè, yo pa tafyatè, yo pa tiye moun. Se trè byen ke ou pa fè bagay sa yo men sa pa ase pou fè ou bon. An nou pran you ti egzanp :

Lè ke yon elèv ale lekòl, li gen yon mwayèn pou li fè pou li kapab pase pou li kapab ale nan yon lòt klas. Si lekòl la ta di ke fòk elèv la fè mwayèm 6 pou 1 kapab pase, yon elèv ki fè pi piti ke mwayèn 6 ap oblige refè klas la. Sa vle di ke yon elèv ki fè mwayèn 5 pap pase, lap rete nan menm klas la. Se menm jan tou yon elèv ki fè mwayèn 3 ap oblige refè klas la lòt ane. Li pa fè diferans si yon elèv fè mwayèn 5 oubyen 3, oubyen 2, li pa pase. Mwayèn 5 lan gen dwa pi bon ke mwayèn 2 a, men tou lè de elèv sa yo pa pase.

Se menm jan tou, ou gen dwa pa fè yon seri de vye bagay, men kanmèm ou se yon pechè. Li pa fè diferans ki peche ke ou fè ; tout peche gen menm rezulta : **lanmò**. Yon moun ki touye yon lòt moun parèy li merite ale nan lanfè. Yon moun ki vòlè gen pou ale nan menm lanfè sa a. Yon moun kap pale moun mal oubyen ki kenbe

moun nan kè l prale nan menm lanfè a. Ni peche nan aksyon nou, ni peche nan panse nou, gwo peche, ti peche gen menm rezilta : **lanfè**.

Jezi di konsa :

« Nou tande ki jan nan tan lontan, yo te di zansèt nou yo : piga ou janm touye moun. Moun ki touye moun , se pou yo jije yo. Men mwen menm, men sa map di nou : Nenpòt moun ki ankolè sou frè l, se pou yo jije li. Moun ki joure frè l enbesil, se pou yo jije l devan gran konsèy la. Si yon moun di frè l moun fou, li bon pou yo jete li nan dife lanfè a. ». (Matye 5 :21-22)

Sa vle di touye moun oubyen joure moun déjà kondane ou. Li pa itil yon moun anyen pou li ap konpare peche pa li ak peche yon lòt moun. Depi se peche li ye, kèlke swa tit oubyen gwosè ou ba li ya, se yon sèl kote lap mennen ou, nan lanfè. Rezilta peche se **lanmò**.

Nou déjà kondane.

Nou pwal fè yon ti matematik. Si yon moun ta bon tout bon vre ; li pa fè peche fasil. An nou di ke moun sa a ta gen kontwòl sou peche, li ta fè sèlman 10 peche chak jou. Si nou ta konte, nap jwenn ke moun sa ap fè twa mil sis san senkant (3.650) peche pa lan.

Si moun sa a ta viv pou senkant an, lap fè yon total de san katreven de mil senk san (182.500) peche. Nou kapab imajine moun sa a rive devan gro fotèy Bondye a pou li di : « Mwen menm, mwen te yon bon moun sou latè, mwen te fè sèlman san katreven de mil senk san (182.500) peche ». Sa gen tan twòp peche. Ou mèt te fè sèlman twa (3) peche pandan tout vi ou, sa twòp ; twa (3) peche sa yo ap mennen ou nan lanfè. Ni twa (3) peche, ni twa san (300) peche, ni twa san mil (300.000) peche ap mennen ou menm kote a.

Konbyen peche ou fè pa jou ? Ki valè peche wap fè pandan tout vi ou soulatè ?

Gen moun ki panse ke yo gen pou yo mouri ; aprè lanmò yo, Bondye pwal jije yo sou sa ke yo te fè pandan ke yo tap viv sou tè a. Lè sa a, Bondye pwal gade bon bagay ke yo te fè ansanm ak peche ke yo te fè. Si bòn zèv ak bon travay yo te fè yo pi plis ke peche yo, yap sove ; si peche yo pi plis pase bòn zèv yo, yo pwale nan lanfè.

Se pa vre ditou !

Si nou gade **Eklesyas 7 :20** ak **Women 3 :10, 23**, Bib la di ke « **tout moun ki sou latè, se pechè ke yo ye.** »

Ezekyèl 18 :4, Women 6 :23 ak **Jak 1 :15** menm di nou ke « **rezilta peche nou yo, se lanfè.** »

Sa vle di ke tout moun sou latè kondannen pou ale nan lanfè, paske tout moun fè peche. Keksyon nou ta renmen reponn nan se :

« Kisa you moun dwe fè pou ou sòti anba kondanasyon sa a ? »

Yon lòt jan nou ta kapab poze keksyon sa a, se :

« Kisa pou yon moun fè pou 1 sove ? »

Nou pa kapab reponn kesyon sa a dapre lide pa nou osinon opinyon lèzòm. Lèzòm fòme anpil reliyion ki bay lide ki sòti nan tèt yo sou zafè sove a, men bagay sa yo pa sòti nan Bondye. Nou pa vle nonmen non okenn reliyion, men genyen reliyion ki di ke se travay di, fè byen epi fè jefò pou ou pa fè twòp peche pou ou ka rive sove.

Genyen yon lòt ki di ke se dapre konesans ou ke ou ka rive sove ; plis ou etidye Bib la, se plis ou gen chans pou ou sove. Genyen moun menm ki di ke li pa fè diferans ki reliyion wap swiv, se menm Bondye a nap rele. Bagay sa yo pa vre !

Men sa Bib la di sou koze sa a :

« *Moun ki mete konfyans yo nan Ptit Bondye a pap kondannen. Men, moun ki pa kwè nan li (Jezi), yo deja kondane paske yo pat gen konfyans nan sèl Ptit Bondye a.* ». (**Jan 3 :18**)

Dapre vèsè sa, moun ki pa kwè nan Jezi deja kondannen. Lè yo di ke yo kondannen yon moun pou yon krim li te komèt, genyen twa (3) bagay ki fèt anvan ke yo kondane li.

Premyèman, yo arete li.

Dezyèman, yo jije li.

Twazyèman, yo jwenn ke moun sa koupab.

Se lè sa atò yo kapab kondane moun sa a. Se menm jan tou, Bondye rete nan syèl la, Li gade lèzòm, Li jije bagay lèzòm ap fè, Li jwenn ke tout moun koupab.

Women 3 :10 di :

« *Nanpwen moun ki gen rezon devan Bondye. Non, pa menm yon grenn* ».

Men, Bondye nan amou l, Li pa gade sou sa ke nou ye, ni sou sa ke nou fè. Li voye sèl ptit Li a, Jezikri vin mouri sou lakwa pou nou. Kounye a, yon moun ki mete konfyans li sou san Jezi a ki te koule a jwenn padon pou tout peche li yo.

Men yon moun kipa mete tout konfyans li nan Jezi, kipa asepte Jezi kòm sovè li deja kondane paske pa gen okenn lòt jan ankò yon moun kapab sove.

Se nan Jezi sèlman wap jwenn padon pou peche ou.

Bondye pa padone peche, men Li padone pechè a. Bondye rayi peche, men Li renmen pechè a ; tout moun se pechè.

Peche se tankou yon dèt yon moun fè. Dèt la pap rete pou li disparèt pou kont li. Se swa moun nan peye dèt la osinon yon lòt moun vin peye dèt la pou moun nan ; Men kanmèm, fòk dèt la peye.

Dèt peche se avèk san ke ou ka peye sa ; Wi, san wouj ou konnen an. Pa gen okenn lòt jan pou dèt sa peye. Bib la di :

« *Si san pa koule, nanpwen padon pou peche yo.* » **Ebre 9 :22b**

Si ke ou fè yon peche, pou ou jwenn padon pou peche sa, fòk san koule.

Nan ansyen testaman an, nou wè pèp jwif la te konn fè anpil sakrifis pou yo te ka jwenn padon pou peche yo. Si nou gade nan liv Levitik, sòti nan chapit 1 jiska chapit 7, nap jwenn tout règ ke sakrifikatè yo te dwe swiv lè yap fè sakrifis pou peche pèp jwif la.

San bète te konn koule pou yon sèl rezon, pou moun yo te kapab jwenn padon pou peche yo. Levitik 4 :26b di konsa : « *Se konsa prêt la va fè ofrann bète pou*

wete peche moun lan te fè san li pat konnen an, epi Bondye va padonnen l sa. »

Menm lè moun nan te fè yon peche san li pat konnen, li te oblige fè ofrann bêt sou lotèl pou l te ka jwenn padon. Men sakrifis sa yo pat janm fin sa nèt. Chak ane, fòk moun yo te retounen vin fè sakrifis ankò pou lòt peche ke yo te fè.

Poukisa yo te oblige fè sakrifis chak ane ? Bib la reponn

« Tou sa, paske san bouk ak san jenn towo bëf pap janm ka wete peche moun. » **Ebre 10 :4**

« Pou prêt jwif yo, se chak jou pou yo kanpe ap fè sèvis yo. Y'ap plede ofri menm sakrifis yo plizyè fwa. Men, sakrifis sa yo p'ap janm ka wete peche. » **Ebre 10 : 11**

Sakrifis sa yo pat wete peche wrèman vre ; Men, se yon senbòl ke yo te ye. Sakrifis ki wete peche, se sakrifis kris la ; Bondye pa asepte lòt sakrifis pou efase peche ke sakrifis Pitit Li a. Se sak fè Jezi te di :

« Ou pa bezwen yo fè okenn ofrann bêt pou yo touye pou ou, ni pou yo fè ou kado anyen. Men, ou banm yon kò. Se pa ofrann vyann bêt yo boule sou lotèl la k'ap fè ou plezi. Ni se pa ofrann bêt yo touye pou wete peche yo k'ap fè ou plezi. » **Ebre 10 :5,6 ; Som 40 : 6,7**

Si yo ta mande ou kisa ki fè ou ka jwenn padon pou peche ou yo, sa wap reponn ? Bib la gen yon repons pou ou :

« Kifè nou netwaye anba peche nou yo, se paske Jezikri te fè tou sa Bondye te vle, li ofri kò pa li bay Bondye yon sèl fwa, epi l fini. » **Ebre 10 :10**

« Konsa, avèk sèl ofrann li fè a, li fè moun li netwaye anba peche yo bon nèt pou tout tan. » **Ebre 10 :14**

«Apre sa, li di: Mwen p'ap janm chonje ni peche yo, ni sa yo fè ki mal. Konsa, lè Bondye fin padonnen peche yo, pa gen nesesite pou yo fè ofrann ankò pou wete peche.» **Ebre 10 :17,18**

Jezi te bay kò li kòm sakrifis yon sèl fwa epi li fè moun li netwaye yo bon nèt. Bondye efase peche sa yo, Li blyie yo ; konsa pa gen okenn lòt sakrifis ki bezwen fèt ankò paske san Jezi a fè moun nan vin bon pou tout tan.

Anpil fwa, nou konn chante yon seri de bèl chan , men nou pa konprann enpòtans mo chante a. Anpil moun konnen ti chante sa ki di :

« Mwen pa gen lajan poum peye (3 fwa)


Dèt mwen yo peye deja

Jezi peye l, Jezi peye l (3 fwa)

Dèt mwen yo peye deja »

A tout ke yo chante ke dèt yo deja peye, yo pa janm pran sans mo ki nan chante a.

Peche te koupe relasyon lèzòm avèk Bondye. Jezi te peye dèt peche yo sou kwa a. Kounyeya, Jezi vin fè li posib pou lèzòm gen relasyon ankò avèk Bondye. Pa gen lòt jan ou ka rive jwenn Bondie si ou pa pase nan Jezi



Lè yon moun asepte Jezi, tout dèt peche li yo peye. Dezyèm lanmò a pa gen pouvwa sou li ankò. Lanmò Jezi sou kwa a vin fè ke ou ka jwenn padon pou peche ou yo. Konsa, Bondye blyie tout peche ou fè epi ou vin gen relyasyon avèk Bondye. Non sèlman peche ou yo efase , men ou vin parèt bon nèt devan je Bondye. Sa ki pi rèd la, se pa selman pou yon jou osinon pou yon ane ke ou bon an, men **Ebre 10 :14 di ke ou bon nèt POU TOUT TAN.** Ou pa bon dèské ou fè okenn bon bagay, men ou bon paske Jezi peye dèt peche ou yo, konsa lè Bondye ap gade yon moun ki nan Jezi, Bondye pa wè menm youn nan peche moun sa a. Se kòm si moun nan te san peche gras a san Jezi a ki te koule a.

Sove ya, se yon kado li ye, ou jwenn li gratis.

Se gras ke Bondye fè nou ki fè nou sove, ak lafwa ke nou mete nan Li menm. Sa pa sòti nan nou menm, se yon kado Bondye ban nou. Non, nou pa fè anyen pou sa. Konsa, pèsòn pa ka vante tèt yo. -Efezyen 2:8,9

Bib la aprann nou se gras Bondye fè nou ki fè nou sove. Kisa gras la ye? gras la se yon kado, yon favè ou pa menm merite epi Bondye fè li san Li pa gade sou sa ke ou ye, yon pechè.

Doktrin lèzòm ak Pawòl Bondye a.

Si ou ta pran tout reliyion ki gen sou latè e ou ta fè yon bon valè tan ap diskite kesyon sove a, ou tap rive jwenn 2 doktrin, ki vle di 2 lide diferan:

Gen yon premye doktrin ki di ke lèzòm sove tèt yo. Gen anpil reliyion ki asepte doktrin sa a. Dezyèm doktrin nan di ke se Bondye ki sove lèzòm.

Moun ki anseye premye doktrin nan di ke yon moun sove pou travay ke li fè, osinon paske moun nan se yon bon moun ke li ye osinon pou konesans ke moun nan genyen, moun nan ale legliz, moun etidye Bib li. Men, Bib la **pa** di ke moun sove dèské yo fè bon travay oubyen paske yo mennen you bòn vi. An nou gade kèk vèsè nan Bib la.

« Li te sove nou. Li pat sove nou paske nou te fè kèk bagay ki bon, men paske li menm li te gen pitye pou nou. » - Tit 3:5

« Bòn Nouvèl sa a fè nou wè ki jan Bondye fè moun gras. Travay sa a, li kòmanse ak **konfyans (lafwa) moun gen nan Bondye, li fini nan menm **konfyans lan (lafwa)** tou, jan sa te ekri a : Moun Bondye fè gras paske li gen **konfyans (lafwa) nan bondye**, se li menm ki va gen lavi. » - Women 1 :17**

« Kounyeya, paske nou gen **konfyans (lafwa) nan Bondye, Bondye fè nou gras. Nap viv san kè sote (nou gen lapè) ak Bondye gremesi Jezikri Senyè nou an .» - Women 5 :1**

« Si ou deklare ak bouch ou devan tout moun, Jezi se Senyè a, si ou kwè tout **bon nan kè ou Bondye te fè Li leve sòti vivan pami mò yo, wa sove. Paske, lè yon moun gen **konfyans tout bon nan kè li**, se lè sa **Bondye fè li gras**. Lè yon moun deklare ak bouch li devan tout moun li gen **konfyans nan Bondye**, se lè sa a Bondye delivre li. » - Women 10 :9,10**

« Men sa ki ekri nan Liv la : Abraram te mete **konfyans li nan Bondye, se poutèt sa **Bondye fè l gras**. Moun ki fè yon travay resevwa lajan pou sa l fè a. Lajan yo ba li a, se pa yon favè, ni se pa kado yo fè li. Se yon bagay yo dwe li. Men, moun ki pa fè okenn travay, men ki mete **konfyans li nan Bondye sèlman**, Bondye kap fè tout pechè yo gras la ap fè moun sa a gras tou paske li mete **konfyans li nan Bondye**. » - Women 4 :3-5*****

Vèsè sa yo montre nou klèman ke pa gen anyen ou fè pou ou ta merite sove. Bondye nan lanmou Li, Li te gen pitye pou ou, Li voye pitit Li, Jezi vin mouri pou ou sou kwa a. Sèl sa ou genyen pou ou fè, se kwè pou ou kwè, ou bezwen mete konfyans ou nan Bondye sèlman. Si ou mete espwa ou sou yon lòt bagay anplis, sa vle di ou pa gen yon konfyans total nan Bondye. Sove a se yon kado,

se yon gras Bondye fè ou. Bon zèv, travay, ale legliz, fè byen pa ka ba ou lavi, se sèlman nan Jezi ou ka jwenn lavi.

Genyen moun ki di ke vrèman vre sove se yon kado ke li ye lè yo gade nan **Efezyen 2** men ou bezwen travay pou ou kenbe sove a. Nou pwal pran yon ti egzanp :

Si mwen ta ba ou 20 dola, mwen di ou ke mwen fè ou kado 1 epi ou aksepte, ou pran lajan an. Lèfini mwen ta di ou ke pou ou kab genyen 20 dola sa, fòk ou fè yon mwa ap vin netwaye kay mwen. Si ou pa fè sa, map pran lajan an, wap tou pèdi kòb sa.

Lajan sa, èske se yon kado ke li ye vrèman vre si ou bezwen travay pou ou kapab kenbe 1 ? Men non, se travay ou travay pou lajan sa. Se menm jan tou, si ke ou bezwen travay pou ou kapab kenbe sali ou, sali a pa yon kado ankò. Se sak fè Pòl te di konsa :

« Men sa ki ekri nan Liv la: Abraram te mete konfyans li nan Bondye, se poutèt sa Bondye fè l gras. Moun ki fè yon travay resevwa lajan pou sa l fè a. Lajan yo ba li a, se pa yon favè, ni se pa kado yo fè li. Se yon bagay yo dwe li. Okontrè, moun ki pa fè okenn travay pou yo dwe li kichòy, men ki mete konfyans li nan Bondye sèlman. » Women 4 :3-4

Pòl te di ankò :

« Se pa paske yo te fè sa ki byen kifè Bondye te fè yo favè sa a; men se paske Bondye te vle fè l pou yo. Si se pat konsa, favè Bondye a pa ta yon favè tout bon ankò. » Women 11 :6

Vèsè sa yo montre nou klèman ke si ou resevwa yon salè pou yon travay ou fè, sa ou resevwa pa yon kado, men se peye yo peye ou pou travay ou fè a. Si ke ou travay pou ou sove osinon pou ou kenbe sali ou la, Pòl di konsa : « favè Bondye a pa ta yon favè tout bon ankò. »

Sa pa vle di ke yon moun pa bezwen travay pou Bondye. Bondye sove ou epi pou lanmou ou vin gen pou Bondye, ou vin gen yon lanvi pou ou travay pou Li, men se pa travay la ki sove ou. An nou pran yon lòt ti egzanp :

Si yon moun ki nan peyi etranje ta voye fè ou kado san (100) dola. Lè ou kontre fas a fas avèk moun sa, Wap tou pwofite pou ou di li mèsi pou kado li te fè ou la. Si moun nan ta bezwen yon tas kafe oubyen yon vè dlo, se yon plezi pou ou ta sèvi moun nan tas kafe a osinon bay moun nan yon vè dlo.

Ou pap bay moun nan tas kafe a pou ou kapab kenbe kado ke moun nan te fè ou la. Si ou ta bezwen sèvi moun nan pou ou kapab kenbe kado a, se pa yon kado li ye ankò. Si ou bezwen travay pou ou kenbe sove ou la, sove ya pa tap yon kado ankò. Se sak fè Pòl di konsa ke *favè Bondye a pa ta yon favè tout bon ankò* si ke ou ta dwe travay pou li. Ou pa travay pou ou sove osinon pou ou kapab kenbe sove ou la, men ou dwe travay paske ou se yon moun sove.

Genyen moun ki pran Jak 2:24 pou di ke travay ka sove ou. **Se pa vre ditou!**

Jak 2 :24 di konsa :

« Ou wè, se pa sèlman paske yon moun gen konfyans ki fè Bondye fè l gras, men se paske li fè sa ki byen anmenmtan tou. »

Yon ti règ ki bon lè wap etidye Bib la, sè ke pa janm pran yon vèsè ki pa fini twò klè pou ou menm, pou ou kontredi yon bann lòt vèsè ki klè tankou dlo kokoye. Tankou Efèz 2:8,9, Tit 3:5 ak Women 5:1, vèsè sa yo montre nou klèman ke lèzòm pa sove poutèt travay ke yo fè. Jak 2 :24 pa kontredi tout lòt vèsè sa yo. Nou bezwen gade tradiksyon an epi nan ki konteks oubyen nan ki sikonstans ke vèsè ya ekri.

Pou nou ka konprann sa ke Jak 2:24 di a, premyèman, nou bezwen kòmanse li depi nan vèsè 14 la ki di:

*« Frè m yo, kisa sa fè pou yon moun **kap di** li gen konfyans nan Bondye si li pa fè bagay pou montre li gen konfyans lan vre.... »*

Vèsè a pa di : « Kisa sa fè pou yon moun **GEN KONFYANS** nan Bondye si li pa fè bagay pou montre li gen konfyans lan vre... » Genyen yon gwo diferans ant yon moun **kap di** li gen konfyans ak yon moun **ki gen** konfyans.

Vèsè a ap pale de yon moun **KAP DI** li gen konfyans. Yon moun gen dwa di li kwè nan Bondye, men ou pap janm konnen si moun sa gen konfyans nan Bondye vrèman vre si li pa fè travay ki pou montre ke li gen konfyans lan vre.

Dezyèman, tout liv ki nan novo testaman an te ekri nan lang grèk la. Yo vin tradi liv sa yo nan tout lòt lang yo pou tout moun te ka gen chans pou etidye Pawòl Bondye a. Nan vèsè sa kote yo tradi 1 an « *ki fè Bondye fè l gras* », yon lòt jan li tradi se « *jistifye l* » oubyen « *fè l jis* ».

Nan Bib franse a, mo yo itilize a, se « *justifié* »

« *Vous voyez que l'homme est justifié par les œuvres, et non par la foi seulement.* »

Si nou ta tradi mo pou mo de Bib franse a, li tap di :

« *Ou wè ke yon moun jistifie pa travay li, se pa sèlman lè li mete konfyans li nan Bondie.* »

Jistifye sa a, se yon jistifie devan lèzòm, pa devan Bondye. Fè bon bagay pa kapab vin fè ou jis devan Bondye. Si bon bagay te ka vin fè ou parèt jis, pròp osinon bon devan Bondye, Jezi pa tap bezwen vin mouri pou peche nou yo.

Lè yon kretyen fè bon travay, Bondye jwenn glwa nan sa. Se poutèt sa Jezi te di : « *Konsa tou, se pou limyè nou klere devan tout moun, pou lè yo wè tout byen n'ap fè yo, y'a fè lwanj Papa nou ki nan syèl la..* » (**Matye 5:16**)

Bondye wè sa ki nan kè ou, men lèzòm pa ka wè sa ki nan kè ou. Konsa, limyè ou a dwe klere devan tout moun e jan ke limyè ou a pwal klere, se nan travay ou, nan jan ou mennen vi ou, nan jan ou viv nan katye kote ou rete.

An nou gade ti egzanp sa a!

Mwen konnen yon legliz ki nan yon vil provens e ki pa gen yon pastè estab nan legliz la. Lè gen mariaj, batèm osinon yon sèvis espesyal, yo oblige voye chache yon pastè ki pou sòti yon lòt kote pou vin fè sèvis sa yo.

Kèk ane de sa, mwen te ale nan legliz sa ; te gen yon pastè ki te sòti nan Pòtoprens pou vin selebre de maryaj nan Samdi e pou fè batèm nan Dimanch maten bonè avan gran sèvis.

Kote yo ta pral fè batèm nan te yon bèle distans. Li pran environ inè detan ap mache pou rive nan riviè kote pou batèm nan fèt la.

Moun ki ta pwal batize yo te sipoze reyini nan legliz la e kèk ladan yo te rive anreta. Fòk yo te prese ale fè batèm nan pou yo te ka gen tan tounen vini nan sèvis.

Te gen yon sè ki te rele Mèmèn ki te gen pou 1 te batize jou sa. Moun yo te wè ke li pa tap kapab mache vit ase pou rive nan riviè a paske li te avanse nan laj e li te gen doulè nan jenou.

Pastè a te oblige mande Mèmèn pou li te rete ; li pwomèt pou li tounen yon lòt fwa pou vin batize Mèmèn. Mèmèn te oblige dakò, epi rès moun yo te pran wout la yo ale.

Lè yo rive nan riviè a, yo te koumanse ap fè preparasyon. Moun ki ta pwal batize yo te mete ròb batèm yo sou yo epi moun yo te koumanse chante. Pastè a te antre nan dlo a, li koumanse pale de batèm, kisa ke batèm nan ye. Lè moun yo gade, yo wè Mèmèn parèt sou yo. Tout moun te sezi.

A tout ke li te gran moun e li te gen doulè nan jenou, Mèmèn te pran wout la e li te rive environ yon kenz minit konsa apre lòt moun yo. Gran moun nan pat vle kite opòtinite sa a pase pou li pat batize.

Tout moun te wè lafwa Mèmèn, jan ke li te gen konfyans nan Bondye nan zak sa ke li te fè a.

Mèmèn te gen tan jistifye devan Bondye depi anvan ke Mèmèn te pran wout sa a pou li te kapab batize a paske Bondye te gen tan wè kè Mèmèn, jan ke Mèmèn te gen konfyans nan Li. Men, se lè ke Mèmèn te rive nan rivyè a, li te jistifye devan tout moun paske tout moun te wè lafwa Mèmèn poutè travay sa a ke li te fè a.

Yon moun ki kwè nan Jezi, kapab montre lafwa li nan travay li. Moun pa ka wè sak nan kè ou, lafwa ou oubyen konfyans ou genyen nan Bondye. Se nan travay ou, nan jan ou mennen vi ou ke yon moun ka wè ke ou gen konfyans nan Jezi. Travay ou montre lèzòm ou se yon moun sove.

Jak 2 :24 ap pale de jistikasyon devan lèzòm. Lèzòm pa ka wè lafwa ou, se nan jan ou mennen lavi ou, nan travay ou, nan tout sa ke wap fè ke yon moun ka wè

ou sove tout bon vre. Men, Bondye wè nan fon kè ou, Li konnen lè ou mete tout konfyans ou nan Li.

Nan liv Jan, nou wè yon egzanp :

« Pandan Jezi te Jerizalèm pou fèt Delivrans lan anpil moun te kwè nan li lè yo te wè mirak li t'ap fè. Men, Jezi pa t'fè okenn ladan yo konfyans, paske li te konnen yo tout byen. Li pa t' bezwen moun te di l' anyen sou pesonn, paske li menm li te konnen sa ki nan kè yo. » **Jan 2: 23-25**

Jezi pat fè foul moun yo konfyans paske li te wè kè yo. Bondye konnen tout moun ki mete konfyans yo nan li. Se konfyans ou gen nan Jezi ki kab sove ou, anyen ankò. Si ou ta mete konfyans ou nan yon lòt bagay anplis, sa vle di ou pa fè Jezi konfyans ase ; ki vle di san Jezi a pa bon ase pou ou.

Si ou ta rive devan pòt syèl la, epi yon anj ta mande ou konsa : « Poukisa pou m ta kite ou antre nan syèl la ? Kisa ou fè pou ou merite antre nan plas sa a ? Pou jan ou konn fè peche, ban m yon rezon pou m kite ou antre ? »

Kisa ou tap reponn? Eske ou tap di ke ou te konn ale legliz osinon ou te konn travay legliz ? Ou tap pèdi !

Tande sa Jezi di :

« Lè jou sa a va rive, anpil moun va di m : Mèt, Mèt, se sou non ou nou tap bay mesaj ki sòti nan Bondye a. Se sou non ou nou te chase move lespri yo. Se sou non ou nou te fè anpil mirak. Lè sa a, ma di yo : Mwen pat janm konnen nou. Wete kò nou sou mwen, nou tout ka fè sa ki mal. » **Matye 7: 22-23**

Vèsè sa yo montre nou yon gwoup moun ki gen pou yo wont nan dènye jou a. Se yon seri de moun ki te nan legliz, ki tap travay nan legliz, ki tap pote mesaj, ki tap chase move lespri men ki pat janm kwè nan Jezi vre. Se zafè pa yo yo tap regle.

Sa ki pi enpòtan pou nou wè, sè ke yo te vin ap pale ak Jezi de travay yo, de bèle bagay yo te konn fè nan non Jezi, kòm si se travay yo ki ta pwal sove yo. Bon travay wap fè pap sove ou, se sèlman konfyans ou gen nan Jezi ki kap ouvri pòt syèl la pou ou, anyen ankò.

Ou menm, zanmi mwen, ki kote ou mete konfyans ou ? Si ou mete konfyans ou yon lòt bagay ke Jezi, ou gen pwoblèm. Ou bezwen depann totalman sou san Jezi a ki pou lave ou e pou fè ou parèt pwòp devan Papa a ki nan syèl la.

Nou bezwen konprann ke nou pa travay pou nou sove. Lè nou di travay, se pa sèlman lè ou fè yon zèv pou yon lòt moun osinon travay legliz. Travay ka pran diferan fòm, pa egzanp gen de fwa se yon fòm de sakreman tankou batèm osinon refòmasyon ak lòt bagay ankò ke nou va wè ansanm.

Kounye a , an nou gade refòmasyon. Kisa nou ta kapab di sou sijè sa a. Nou pap pèdi tan pou nou karese li, pou nou pase sou kote, nap atake li dirèk.

Refòmasyon pa ka sove ou !

Gen de fwa, travay ka pran fòm refòmasyon. Refòmasyon vle di ou kite move vi ou tap mennen anvan an, ou pran desizyon pou ou mennen yon lòt vi, yon vi nouvo. Sa pap sove ou.

Lè ou aksepte Jezi, ou vin yon lòt moun ; ou pa kapab mennen menm vi ou tap mennen anvan an. Pòl te ekri kretyen nan vil Korent yo, li te di yo konsa :

« Si yon moun ap viv nan Kris la, li vin yon lòt moun. Bagay lontan yo disparèt, se lòt bagay nèf ki pran plas yo koulye a. » **2 Korentyen 5 :17**

Lè yon moun asepte Jezi, gen yon travay espesyal ki fèt nan moun sa a. Moun ou te ye a mouri sou kwa a ak Jezi, ou vin yon lòt moun. Se sak fè Jezi te di Nikodèm konsa :

« Sa m'ap di ou la a, se vre wi: Pèsonn pa kapab wè Peyi kote Bondye Wa a si li pa fèt yon dezyèm fwa. » **Jan 3 :3**

Anvan ou te yon pechè, men lè ou vin asepte Jezi, Bib la rele ou « SEN ». ou pa sen dèské ou pa fè peche ; men ou se yon sen dèské san Jezi a lave ou e tout peche ou te

fè yo ak sa ou gen pou ou fè yo efase. Wap toujou fè peche paske ou poko pafè ; men Jezi gen pou Li fè ou pafè yon jou.

Ou pa mennen yon lòt vi pou ou kapab sove ; men, ou mennen yon lòt vi paske ou se yon moun sove. Monn lan bezwen wè glwa Bondye nan jan ke ou mennen vi ou.

Anpil predikatè konn vle fè moun konprann ke yo bezwen kite move vi ke yap mennen pou yo kapab sove. Predikatè sa yo gen dwa genyen bon entansyon men Bib la pa di bagay sa a. Bib la di se lè ou aksepte Jezi, ou sove.


« Moun ki mete konfyans yo nan Pitit la, yo gen lavi ki p'ap janm fini an. » Jan 3 :36a

Ou bezwen vini jwenn Jezi ak tout fado peche ou yo pou Jezi pran yo pou ou. Men kisa Jezi di :

« Vini jwenn mwen, nou tout ki bouke, nou tout ki anba chay, ma soulaje nou. Pran jouk mwen, mete l sou zepòl nou. Pran lesson nan men mwen. Paske mwen dou, mwen toujou soumet mwen tout bon devan Bondye. Konsa, na viv ak kè poze. Paske, jouk map ban nou an fasil pou pote, chay map ban nou an pa lou. » Matye 11: 28-30

Ou bezwen pote tout fado peche ou yo bay Jezi. Li ap pran tout fado ou yo pou ou e lap ba ou yon ti jouk ki fasil pou ou pote. Ou pa kapab fè anyen pou fado peche ou yo, se Jezi sèl ki kapab delivre ou anba yo.

Batèm pa kapab sove ou !



Gen de fwa tou, travay gen dwa pran fòm sakreman tankou batèm, men batèm pa kapab sove ou ! Batèm nan, se premye bagay yon moun sove dwe fè. Lè yon moun aksepte Jezi, se premye bagay moun sa a bezwen fè.

Pou montre ou enpòtans batèm genyen nan lavi yon kretyen Nan **Travay 8**, nou wè istwa Filip avèk gwo chèf etyopyen an. Sintespri te voye Filip sou wout etyopyen an pou Filip te kab bay misie bòn nouvel ki pale sou Jezi a. Bib la di konsa :

«Antan yo prale konsa, yo rive yon kote ki te gen dlo. Lè sa a, nonm peyi Letiopi a di li: Bon, men dlo. Kisa ki pou anpeche m resevwa batèm? Filip di li: Si ou kwè ak tout kè ou, ou ka resevwa batèm. Nonm lan reponn li: Mwen kwè Jezikri se Ptit Bondye a. Apre sa, li fè yo rete cha a. Filip desann nan dlo a ansanm ak gwo chèf la. Filip batize li. » **Travay 8 : 36-38**

Nou wè ke lè Etyopyen an te kwè nan Jezikri, premye bagay ke li te vle fè, se te batize.

Nan **Travay 16**, nou wè Pòl ak Silas te nan prizon. Tè a te kòmanse tranble epi pòt prizon an te louvri. Sa te vin pèmèt yon konvèsasyon ant mesye yo ak chèf prizon an. Chèf prizon an te mande :

«Mesye, kisa m dwe fè pou m sove? Yo reponn li: Mete konfyans ou nan Seyè Jezi, epi wa va sove, ou menm ansanm ak tout fanmi ou. Epi yo fè l' konnen pawòl Seyè a, limenm ansanm ak tout moun ki te lakay li. Menm lè a, nan mitan lannwit lan, li pran yo, li mete renmèd sou tout kote yo te blese. Lèfini, Pòl ak Silas batize l ansanm ak tout fanmi li.» **Travay 16 :30-33**

Lè chèf prizon an mande kisa pou 1 fè pou 1 kapab sove, Pòl te reponn li : *Mete konfyans ou nan Seyè Jezi, epi wa va sove.* Sa ke chèf prizon an te bezwen fè, sete kwè, mete konfyans li nan Bondye, anyen ankò. Bib la di nou ke menm nwit lan, chèf prizon an ak tout fanmi li te batize.

Pandan Jezi te sou kwa a, gen you kriminèl ki te kwè nan Jezi. Li di Jezi konsa :

*« Chonje mwen wi lè wa vin pran gouvènman an nan men ou! » Lik 23:
42*

Malgré ke Jezi te sou kwa a, Kriminèl a te gen konfyans ke Jezi tap vin gouvène. Li gen dwa pat konnen kouman Jezi tap rive fè sa, men li te kwè nan Jezi e Jezi te reponn li:

*« Sa map di ou la, se vre wi: Jodi a ou pral avè m nan paradi. » Lik 23:
43*

Kriminèl la pat batize men se kwè ke li te kwè nan Jezi ki fè li te jwenn gras nan men Bondye.

Yon moun ki kouche sou kabann lopital e ki asepte Jezi. Anvan ke li ta pòte li pi byen pou l ta mande batèm, moun sa pase pa lanmò san ke li pa gen yon chans pou l batize. Eske batèm nan ap anpeche l ale jwenn Jezi ? Mwen pa kwè sa.

Genyen moun ki batize san yo pa kwè nan Jezi vre, moun sa yo se nan lanfè dwat yo pwale paske batèm pa kapab sove ou, se sèlman mete konfyans ou nan Jezi ki pou sove ou. Tout manm legliz batize men se pa tout manm legliz ki sove paske se pa tout manm legliz ki mete konfyans yo tout bon vre nan Jezi.

Mwen tande istwa yon mesye marye ki te wè yon fi nan legliz ke li te renmen e li te vle fi sa a. Misye te rive al mete ajenou pou yo prye pou li epi li batize pou l te ka rive pran fi sa a. Aprè li te fin jwenn sa li te bezwen an, li pat mete pye li legliz ankò. Malgré ke nèg sa a te batize, batèm li an pat gen okenn enpòtans paske li pat kwè nan Jezi vre.

Yon moun ki asepte Jezi pa ka jwe avèk bagay sa ke yo rele **batèm** lan. Pa gen okenn eskiz pou yon moun ki di ke li kwè nan Jezi pou l pa vle batize. Batèm, se yon bagay ki enpòtan nan lavi yon kretyen. Dapre mwen, yon moun ki di ke li aksepte Jezi epi li pa vle batize poko janm aksepte Jezi vrèman vre. Se sak fè li pa nesesè pou ou ap fòse moun batize paske si ke ou anseye moun nan sa ke batèm nan ye, moun nan ap wè ke li sipoze batize. Yon moun ki kwè nan Jezi ap mande pou li batize.

Gen moun ki conn pa vle batize paske yo gen bagay nan lavi yo ki pa anfòm. Yo panse ke si yo batize, gen yon seri de bagay yo pap kapab fè ankò, men yo pa konprann ke di moman ke yo aksepte Jezi, yo pa sipoze fè bagay sa yo.

Lè yon moun asepte Jezi, Sintespri antre vin abite nan moun sa. Konsa, moun sa vin gen dezi pou li fè Bondye plezi, pou li pa fè bagay ki kont volonte Bondye

Gen de fwa, move ansèyman conn lakoz pwoblèm sa a. Gen legliz ki conn anseye ke yon moun ki di ke li asepte Jezi bezwen bay pwèv ke li asepte tout bon vre avan ke yo batize l. Moun nan conn bezwen vini ak yon moun ki pou temwaye pou li pou di ke moun nan pare pou batèm.

Legliz gen dwa gen bon entansyon lè ke yo fè bagay sa yo men bagay sa yo pa biblik. Sèl bagay yon moun bezwen pou li prè pou li batize, se kwè li bezwen kwè.

Batèm nan se pa lafen an li ye men se kòmansman mach ou avèk Jezi. Apre batèm nan, kretyen an bezwen pèsevere e kontinye aprann pawòl Bondye a pou li kapab grandi.

Nou pwal gade yon lòt pasaj pou nou wè jan ke batèm se yon bagay ki enpòtan. Pasaj la di konsa :

«Antan Apolòs te lavil Korent, Pòl menm tap pase nan tout mòn peyi Lazi yo jouk li rive lavil Efèz. Li jwenn kèk disip nan lavil la. Li mande yo: Eske nou te resevwa Sentespri lè nou te kwè? Yo reponn li: Yo pat janm di nou te gen yon Sentespri. Lè sa a, Pòl mande yo: Ki batèm nou te resevwa? Yo reponn li: Batèm Jan an. Pòl di yo: Jan te batize moun ki te asepte tounen vin jwenn Bondye, li t'ap di pèp Izrayèl la pou yo te kwè nan moun ki t'ap vini apre l la, ki vle di Jezi. Lè yo tande sa, yo mande pou resevwa batèm nan non Seyè Jezi. Apre sa, Pòl mete men sou tèt yo, epi Sentespri desann sou yo. Yo pran pale nan lang lòt peyi, yo t'ap bay mesaj ki soti nan Bondye. Te gen douz gason konsa antou. » Travay 19 : 1-7

Douz mesie nan lavil Efèz la te di ke yo te kwè men yo pat janm te batize nan non Jezi. Batèm ke yo te resevwa a, se te batèm lè Jan Batis tap batize moun nan dezè a. Batèm Jan Batis la se yon batèm de repantans li ye, ki vle di yon batèm ke ou asepte pou ou tounen vin jwenn Bondye.

Nèg yo te mande pou yo te batize nan non Seyè Jezi. Si batèm pat yon bagay ki enpòtan, mesye yo pa ta mande pou yo batize nan non Jezi fwa sa a. se apre sa ke Pòl te mete men sou tèt mesye yo, epi Sentespri te desann sou yo.

Nou wè enpòtans batèm genyen nan lavi yon kretyen men se pa batèm nan ki sove ou. Se san Jezi a ki lave peche ou yo, se pa dlo kote ou batize a ki netwaye peche ou yo. Gwooup moun nan **Matye 7 :21 – 23**, se moun legliz yo te ye. Yo te batize tou paske yo te konn pote mesaj e fè mirak nan non Jezi tou. Malgre sa, yo pat antre kote Jezi ye a.

Ale legliz pa kapab sove ou !

Ou ta mèt mache bay non ou nan tout legliz sou latè. Ou ta mèt fè tèt ou manm nan tout legliz ki egziste ; sa pa kapab sove ou.

Yon kretyen ale legliz pou li kapab aprann, pou li kapab jwenn manje espirityel, manje pou namm li, pou li kapab grandi. Jezi di konsa:


« Men sa m'ap di nou ankò: Si de nan nou mete yo dakò sou latè pou mande nenpòt ki bagay lè y'ap lapriyè, Papa m' ki nan syèl la va ba yo li. Paske, chak fwa de ou twa moun mete tèt yo ansanm nan non mwen, m'ap la nan mitan yo. » Matye 18 :19-20

Ou bezwen jwenn ak lòt kretyen parèy ou yo, pou youn kapab ankouraje lòt. Dwe gen lanmou nan mitan kretyen yo paske non sèlman sou tèlman sou tè a, men nou gen pou nou ale viv ansanm pou tout tan

Lè manman ak frè Jezi yo tap mande pou Jezi, Li te pwonmennen je l sou moun ki te chita sou kote l yo, li di konsa: « *Gade: men manman m, men frè m yo. Paske, tout moun ki fè sa Bondye mande yo fè, se moun sa yo ki frè m', ki sè m', ki manman mwen. » Mak 3 :34-35*

Tout moun ki nan Jezi, se frè ak sè yo ye. Yon kretyen ta dwe gen yon relasyon espesyal avèk lòt kretyen parèy li yo. Ou dwe ale legliz tout tan ke ou kapab pou ou

kapab gen chans pou ou nan mitan frè ou ak sè ou pou nou bay Bondye glwa ansanm. Men, se pa ale legliz ki ba ou lavi etènèl.



Se miwen menm ki verite a. Semwen menm ki verite a, se miwen menm ki lavi a. Pèsonn pa ka al jwenn Papa a si li pa pase nan miwen. (Jan 14:6)

Sove pa gras

Bib la anseye nou klèman ke se Bondye sèlman ki kapab sove lèzòm. Dapre Bib la, nan zafè sove a, sèl bagay ke lèzòm fè ladan l, se « Kwè ». Sove , se pa yon melanj de **travay** avèk **kwè**. Se youn oubyen lòt. Pòl di konsa :

« Se pa paske yo te fè sa ki byen kifè Bondye te fè yo fave sa a; men se paske Bondye te vle fè l pou yo. Si se pat konsa, favè Bondye a pa ta yon favè tout bon ankò. » Women 11 :6


Se swa sove a se yon kado oubyen yon moun dwe travay pou l kapab sove. Bib la montre byen klè ke se yon kado ke li ye.

*« Peche peye nou kach: li ban nou lanmò; men **kado** Bondye ban nou **gratis** la, se lavi ansanm ak Jezikri, Seyè nou an, yon lavi ki pap janm fini. » Women 6 :23*

Pòl te vle fè moun women yo konprann ke yo pat ka travay pou yo te kapab genyen lavi etènèl ; Bondye ba yo li gratis. Gratis. Gratis vle di yon bagay yo ba ou san ou pa ni travay, ni peye pou li.

« Paske, Bondye sitèlman renmen lèzòm li bay sèl Pitit li a pou yo. Tout moun ki va mete konfyans yo nan li pap pèdi lavi yo. Okontré ya gen lavi ki pap janm fini an. » Jan 3 :16

Sèlman pa la fwa



Paske, Bondye sitèlman renmen lèzòm li bay sèl Pitit li a pou yo. Tout moun ki va mete konfyans yo nan li p'ap pedi lavi yo. Okontré y'a gen lavi ki p'ap janm fini an.
(Jan 3 :16)

*« Se paske li **renmen** nou kifè li delivre nou, nou menm ki mete **konfyans** nou nan li. Sa pa soti nan nou menm menm, se yon kado Bondye ban nou. Non, nou pa fè anyen pou sa. Konsa, pesonn pa ka vante tèt yo.» Efèz 2 :8, 9*

Gen de bagay ki site nan vèsè sa a, **renmen ak konfyans (lafwa)**.

Renmen an se pati pa Bondye a e nou wè sa lè Li te kite sèl pitit li a, Jezi vin mouri sou la kwa nan plas nou pou Li te kapab peye dèt peche nou yo. **Tit 2 : 11** di konsa : « *Bondye fè konnen favè l pou tout moun ka delivre.*»

Lafwa a, se pati pa lèzòm ke li ye. Lèzòm bezwen kwè ke se sèl konfyans ke yo genyen nan Jezi ki kapab sove yo. Si ou mete espwa ou sou yon lòt moun osinon yon lòt bagay, ou pa kwè nan Jezi vre. Bondye divize monn lan an 2 gwoup : moun ki kwè ak moun ki pa kwè.

Jan 3 : 36 di konsa : « *Moun ki mete konfyans yo nan Ptit la, yo gen lavi ki pap janm fini an. Moun ki desobeyi Ptit la, yo pap gen lavi sa a. Se kòlè Bondye kap tonbe sou yo.*»

Chak moun sou tè a, se swa li kwè nan pitit Bondye a oubyen li pa kwè nan pitit Bondye a. Moun ki kwè gen lavi etènèl, se pwomès ke Bondye fè. Moun ki pa kwè pap gen lavi, sa se avètisman ke Bondye fè.

Nan **Jan 3 :18**, Jezi di : « *Moun ki mete konfyans yo nan Ptit Bondye a pap kondannen. Men, moun ki pa kwè nan li, yo deja kondannen, paske yo pat gen konfyans nan sèl Ptit Bondye a* »

Moun ki kwè nan Jezi pa kondane, santans li gen tan peye déjà nan lanmò Jezi. Men moun ki pa kwè a déjà kondane. Se pa nan yon jijman ki pwal fèt pou yo wè si moun sa a te mennen you bon vi oubyen tou si ke li te gen yon seri de peche nan lavi l. Non ! Bib la di li kondane paske li pa kwè nan non sèl Ptit Bondye a.

Vèsè apre vèsè di ke yon moun sove paske li **kwè**, se avèk la fwa yon moun mete nan Jezi ke li ap rive sove.


Nan **Nom 21**, Bib la di nou ke pèp Izrayèl la te rive yon kote nan dezè a, yo te fache kont Bondye ak Moyiz ; yo te tonbe ap pale Bondye ak Moyiz mal. Bondye te voye yon bann ti sèpan sou yo; lè ti sèpan sa yo mòde, li te fè mal anpil e anpil moun te mouri. Lè pèp la te vin mande padon, Bondye di nan vèsè 8 lan :

« Fè pòtre yon sèpan parèy ak sèpan sa yo. Mete l sou yon poto byen wo. Konsa, depi yon sèpan mòde yon moun, moun lan va annik gade pòtre sèpan an, epi li pap mouri. »

Vèsè 9 lan bay rezulta :

« Moyiz pran kwiv, li fonn li, li fè yon sèpan parèy ak sèpan yo. Lèfini, li mete l sou yon poto byen wo. Tout moun sèpan mòde, depi yo voye je yo gade sèpan an kwiv la, yo pa mouri. »

Kisa moun yo te bezwen fè pou yo pat mouri lè yon sèpan te mòde yo, **SELMAN GADE SEPAN AN KWIV LA**. Yo pat bezwen al fè te pou yo bwè osinon ale kay doktè osinon priye Bondye osinon fè sakrifis. Sèl bagay yo te fè, se te gade sèpan an kwiv la epi yo te geri. Kounye a, an nou gade kisa Jezi di nan zafè sove a.



*« Menm jan Moyiz te leve sèpan ki te fèt an bwonz lan byen wo sou yon poto nan mitan dezè a, konsa tou yo gen pou yo leve Moun Bondye voye nan lachè a byen wo tou. Tout moun ki mete konfyans yo nan li va gen lavi ki pap janm fini an. » **Jan 3 :14,15***

Kilès ki Moun Bondye voye nan lachè ? Se Jezi !

Kisa yon moun bezwen fè pou li gen lavi ki pap janm fini an ? **SELMAN METE KONFYANS LI NAN JEZI !** Jezi di nou sa byen klè, pa genyen konfizyon la a.

Jezi di ankò :

*« Paske, Bondye sitèlman renmen lèzòm li bay sèl Ptit li a pou yo. Tout moun ki va mete konfyans yo nan li pap pedi lavi yo. Okontré ya gen lavi ki pap janm fini an. » **Jan 3 :16***

Jezi di tout moun ki mete konfyans yo nan Li ap gen lavi ki pap janm fini an. Li pa di pou ou mete konfyans ou epi pou ou fè bon travay pou ou ka gen lavi. Non, Li pa di sa ! An nou pa ajoute lide pa nou sou sa ke Jezi Segnè nou an di a.

Nan liv Mak, Jezi di konsa :

*« Moun ki kwè epi ki resevwa batèm va delivre. Men, moun ki pa kwè va kondannen. Bondye pa voye Ptit li a sou latè pou kondannen lèzòm, men pito pou l te kapab delivre yo. **Moun ki mete konfyans yo nan Ptit Bondye a pap kondannen.** Men, moun ki pa kwè nan li, yo déjà kondannen, paske yo pat gen konfyans nan sèl Ptit Bondye a. » **Mak 16 :16-18***

Gen anpil moun ki gen pwoblèm avèk mo, **kwè** a. Lè yon moun kwè, se pa sèlman asepte lanmò Jezi sou kwa a kòm yon verite. Men, yon moun ki kwè, se yon moun ki mete tout konfyans li, ki depann, ki lage tout li menm sou sèlman Jezi san okenn lòt bagay. Si ou di ke ou kwè nan Jezi epi an menmtan ou kwè ke fòk ou travay pou ou kapab sove, sa vle di ou pa kwè nan Jezi vre.

Jezi : egzanp, pwofesè oubyen sovè ?

Yon nèg ki nan yon bato nan mitan lanmè ; bato a fè fon avèk li e misye pat konn naje. Chans pou li, li jwenn yon moso planch li kenbe pou li pa koule. Misye pat ka rete la nèt, fòk li fè yon jan pou li sove. Lè misye gade, li wè yon lòt nèg kap naje. Li rele mande èd, men nèg la di li :

« Gade byen jan map naje a epi fè menm jan map fè a, konsa wap kapab sove lavi ou » Nèg sa a , se te yon **egzanp ke** li te trace pou misye te ka sove tèt li.

Lè misye gade ankò, li wè yon dezyèm nèg kap naje. Li rele mande èd, dezyèm nèg sa te pwoche e li te pran tan li pou li te montre misye kòman pou li naje. Lè li fin montre misye byen kòman pou li naje, li di misye : « Kounye a, mwen fini montre ou kòman pou ou naje, mwen pwale mwen menm, ou menm, degaje ou. Naje jan mwen montre ou la, konsa wap kapab sove lavi ou. » Dezyèm nèg sa, se te yon **pwofesè** li te ye pou misye. Li te montre misye kòman li te kapab sove tèt li.

Misye te gade ankò, li wè yon twazyèm nèg kap naje. Li rele mande èd yon twazyèm fwa. Nèg sa te pwoche kote misye e li te di misye konsa : « Ou pa bezwen pè ! Monte sou do mwen, map **sove lavi ou** ; sèlman kenbe mwen, ou pa bezwen fè anyen ankò., » Twazyèm nèg sa a, se li ki sove lavi misye, se li ki **sovè** a.



Nan desen sa, kwa reprezante Jezi. Menm jan nèg nan desen an lage tout kò li sou kwa a, se konsa tou ou bezwen mete tout konfyans ou sou Jezi pou ou kapab sove. Pa mete nan tèt ou ke Jezi fè yon ti moso epi ou bezwen fè yon lòt moso pou kapab sove. Jezi gen tan fè tout sa ki nesesè pou ou kapab sove. Ou sèlman bezwen asepte kado sa a. Nap repete ankò sa **Efèz 2 :8,9 di :**

« Se paske li renmen nou kifè li delivre nou, nou menm ki mete konfyans nou nan li. Sa pa soti nan nou menm menm, se yon kado Bondye ban nou. Non, nou pa fè anyen pou sa. Konsa, pesonn pa ka vante tèt yo. »

Nan zafè sove a, pa gen moun ki merite glwa ke Jezi sèl. Yon moun gen dwa vante tèt li pou lòt bagay men pa gen moun ki ka vante tèt li dèske li sove paske ou pa fè anyen pou ou sove, se yon kado ke li ye.

Kisa Jezi ye pou ou ? Eske ou kwè ke Jezi te vin trase yon **egzanp** pou ou swiv **pou ou kapab sove** ?

Oubyen tou, èske ou kwè ke Jezi te vin sou latè kòm yon **pwofesè** ? li anseye disip yo, li aprann yo bagay pou yo fè pou yo kapab sove ; epi, nou menm tou, nou bezwen aprann bagay sa yo, pou nou fè tout bagay sa yo ke li mande pou nou fè pou nou kapab sove.

Osinon, èske Jezi te fè tout sa ki gen pou te fèt pou ou kapab sove ?

Lè ke ou kwè ak tout kè ou ke Jezi te fè tout sa ki te bezwen fèt pou ou kapab sove, se lè sa ke ou mete konfyans ou nan Li tout bon vre. Lè ke ou pa konte sou okenn lòt bagay ke Jezi pou sali a, pou namm ou sove, se lè sa ou gen konfyans nan Jezi vre.

Jezi li menm di konsa : « *Se mwen menm ki pòt la. Moun ki pase nan mwen pou antre, la sove.* » **Jan 10 :9**

Jezi pa youn nan pòt ki pou mennen ou nan syèl la ; Se Li ki sèl pòt ki mennen nan syèl. Se nan sèl pòt sa pou ou pase pou kapab sove. Si te genyen yon lòt jan ke lèzòm te kapab sove, Jezi pa tap oblige pran tout soufrans Li te pran an. Nan lapriyè ke Jezi te fè la vèy anvan lanmò Li, Li te di konsa :




« O! Papa mwen, nanopwen anyen ou pa kapab fè. Tanpri souple, wete gode soufrans sa a devan je mwen. Men, fè sa ou menm ou vle a. Pa fè sa mwen menm mwen ta vle a. » Mak 14 :36

Si te gen yon ti chans pou lèzòm te sove yon lòt jan, Jezi pa tap bezwen pase pa lanmò. Pou lèzòm te ka rive sove, Jezi te oblige bwè koup anmè a. Se sak fè lè ou moun panse ke li ka sove nan bon travay li, nan bon kondit li osinon nan ale legliz, se kòm si ou rejete sakrifis ke Jezi te fè a.

Lè yon moun pa mete yon konfyans total nan Jezi pou sove nanm li, moun sa pwale dirèkteman nan lanfè paske Jezi di : « *Moun ki mete konfyans yo nan Ptit Bondye a p'ap kondannen. Men, moun ki pa kwè nan li, yo deja kondannen, paske yo pa t' gen konfyans nan sèl Ptit Bondye a. » Jan 3 :18*

Jezi tap pale de tèt pa Li, Li di konsa:

« Se mwen menm ki chemen an. Se mwen menm ki verite a, se mwen menm ki lavi a. Pesonn pa ka al jwenn Papa a si li pa pase nan mwen. » Jan 14 :6



Si Jezi pat peye peche lèzòm sou kwa a, pa tap gen espwa pou pèsòn. Pa gen menm yon sèl moun ki tap rive sove, pa menm yon grenn moun tap rive al viv ak Bondye.

Tankou ti desen an montre nou, se kwa Jezi a ki ba nou aksè ak Bondye. Se san Jezi a ki mete lèzòm an rekonsilasyon ak Bondye

Kisa travay itil menm ?

Eske nou vle di ke travay ak fè bon zèv pa itil anyen ? Non, nou pa di sa paske se pa sa Bib la di. Travay pou Bondye, ede frè ou ak sè ou, se bagay ki enpòtan nan la vi yon kretyen. Men, se pa bagay sa yo ki sove ou. Bondye sove ou pou ou kapab fè bon bagay sa yo, men ou pa fè bon bagay sa yo pou ou kapab sove.

Nou pap di plis sou zafè travay, nap jis gade sa Pòl te ekri ak moun lavil Korent yo :

« Dapre favè Bondye te fè m lan, mwen travay tankou yon bon enjenyè, mwen poze fondasyon an. Yon lòt ap bati sou li. Men, se pou chak moun veye kò yo pou yo konnen ki jan y'ap bati.

Paske fondasyon an déjà la: se Jezikri. Pesonn pa ka poze yon lòt. Gen moun k'ap sevi ak lò, osinon ak lajan, osinon ak bèl wòch ki koute chè pou bati sou fondasyon an. Gen lòt menm k'ap sèvi ak bwa, ak zèb chèch, ak pay.

Men, se jou jijman an n'a wè ki kalite travay chak moun te bay. Se jou sa a ki va devwale kalite travay chak moun te fè. Paske jou sa a, se nan mitan dife l'ap parèt. Dife a pral sonde travay chak moun. L'ap fè wè kalite travay yo.

Si dife a pa boule travay yon moun bati sou fondasyon an, moun sa a ap resevwa rekompans li.

Men tou, si dife a boule travay yon moun, moun sa a ap pèdi travay li. Men li menm, l'ap sove, tankou yon moun ki chape nan yon kay k'ap boule. » (1 Korent 3 : 10 – 15)

Wi, nan dènye jou an, wap gen pou ou parèt devan Bondye pou Bondye jije travay ou te fè pandan ou te sou latè. Jijman sa a pa gen anyen pou li wè avèk lanfè. Se moun sove yo kap nan jijman sa a. Jou sa, kalite travay chak mou nap parèt klè

Nou pa kapab pale de gras la san nou pa yon ti kout je sou lalwa. Ki rapò ki genyen ant lalwa ak gras la.

Lalwa ak Gras la

Kisa lalwa a ye ?

An jeneral, nou kapab di ke lalwa se yon seri de règ ki la pou montre ou kòman pou ou mache kòrèk. Nou ka wè ke chak peyi gen lwa pa yo e tout peyi pa gen menm lwa. Si ou fè yon bagay ki kont lalwa kote wap viv la, otorite nan zòn nan gen dwa fè ou peye pou sa. Gen bagay ou fè ki gen dwa lage ou nan prizon e gen krim yon moun gen dwa fè, moun sa gen dwa kondane pou l mouri pou krim sa. Men, sak enterese nou nan moman sa, se lalwa Bondye a. Ki relasyon ki genyen ant lalwa ak gras la ? Eske youn kont lòt osinon tou lè de bay menm rezulta a ?

Pou kòmanse, nou bezwen konprann ke lalwa pat nan lemonn depi nan kòmansman. Mesye tankou Adan, Noye, Abraram, Izaak, Jakòb, Jozèf pat janm konnen anyen de lalwa. Moun sa yo pat viv anba lalwa. Yo pat genyen lalwa pou yo te swiv. Menm Moyiz pat fèt anba lalwa, se lè li te gran moun ke lalwa te vin antre nan lemonn.

De mwa aprè Moyiz ak pèp Izrayèl la te sòti nan peyi Lejip, yo te rive nan dezè Sinayi. Se nan mòn Sinayi a ke Bondye te bay lalwa pou pèp Izrayèl la te swiv. Nan liv lalwa a, nou jwenn dis kòmandman yo ki se yon ti pati nan lalwa.

Sa ki pi enpòtan pou konprann, sè ke Bondye pat bay lalwa pou lèzòm te kapab swiv pou yo te kapab sove. Nan Lèt ke Pòl te ekri bay pè women an, li te pale anpil de bagay sa a. An nou gade kisa Pòl te ekri :

«Nou konnen egzijans lalwa se pou moun ki anba lalwa. Konsa, pa gen eskiz ki pou soti nan bouch pesonn: tout moun antò devan Bondye.

Se pa paske yon moun fè sa lalwa a mande kifè li inonsan devan Bondye. Poukisa? Paske lalwa annik fè nou konnen sa nou fè a pa bon.

Men koulye a, Bondye fè nou wè ki jan li fè moun gras. Lalwa pa gen anyen pou wè nan sa. Se sa liv lalwa a ansanm ak liv pwofèt yo di nou tou.

Se lè moun mete konfyans yo nan Jezikri Bondye fè yo gras. Li fè l' pou tout moun ki kwè nan Kris la, paske yo tout se menm.

Tout moun fè peche; yo tout vire do bay Bondye ki gen pouvwa a.

Men Bondye ki renmen yo, li fè yo gras. Li fè sa pou yo gratis, gremesi Jezikri ki vin delivre yo.

Se li menm, Jezikri, Bondye te ofri tankou bêt pou touye. Li bay san li pou tout moun ki mete konfyans yo nan li ka resevwa padon pou peche yo. Bondye te vle moutre nou ki jan li fè moun gras. Nan tan lontan, Bondye te pran pasyans, li te fèmen je l'sou peche moun te fè.

Men koulye a, li moutre nou ki jan l'ap fè moun gras, paske li fè nou wè se li menm ki gen rezon, an menm tan l'ap fè tout moun ki kwè nan Jezi yo gras.

*Bon. Nan kondisyon sa a, ki rezon moun genyen pou y'ap fè grandizè ankò? Pa genyen menm. Poukisa? Eske se paske yo fè sa lalwa mande? Non. Men, paske yo fè Bondye konfyans. » **Women 3: 19-27***

Tankou nou te di déjà, anba lalwa a, chak ane fòk pèp la te pote yon seri de bêt pou sakrifitatè yo te ofri sou lotèl la pou pèp la te ka jwenn padon pou peche yo.

Tanp lan te nan lavil Jerizalèm ke li te ye. Konsa, gen de moun ki te konn fè konbyen jou ap mache pou yo te ka vini nan Jerizalèm pou yo te ka fè sakrifis pou peche yo. Chak ane, se te toujou menm penpenp lan.

Sou zafè lalwa a, Jezi te di yon bagay ki enpòtan anpil nan Matye 5 :17, « *Pa mete nan tèt nou mwen vin aboli lalwa Moyiz la ak sa pwofèt yo te moutre nou. Mwen pa vin pou aboli yo, mwen vin moutre sa yo vle di tout bon.* »

Sa ke Jezi te vle fè nou konprann, sè ke lalwa te mande pou sakrifis fèt pou lèzòm te ka jwenn padon pou peche yo; Jezi pat vini pou li te retire bagay sa a ke lalwa te mande a. Men Li te vini pou Li te ka fini avèk tout sakrifis yo. Jan li te fè sa, sè ke Li te bay tèt pa li pou sakrifis pou padon peche lèzòm. Konsa, pa gen sakrifis bêt ki bezwen fèt ankò.

Men kisa Bib la di de Jezi:

« Konsa, Jezi se granprèt nou te bezwen an. Li bon nèt, li pa janm fè okenn bagay ki mal, ni okenn peche. Yo mete l' apa, yo wete l' nan mitan moun k'ap fè peche yo. Bondye leve l', li mete l' pi wo pase syèl la.

Li pa tankou lòt granprèt yo. Li pa bezwen ap ofri chak jou yon bann bèt pou yo touye pou peche pa l' yo anvan, epi pou peche pèp la apre sa. Li pa nan sa li menm. Li fè yon sèl ofrann fini ak sa lè li te ofri tèt li a.

*Dapre lalwa Moyiz la, se moun ki pokon bon nèt yo te mete sèvi granprèt. Men, dapre pawòl sèman Bondye a, pawòl ki vin lontan apre lalwa a, moun Bondye mete granprèt la, se Ptit li a ki te vin bon nèt sou tout pwen pou tout tan. » (**Ebre 7: 26-28**)*

Jezi te ofri tèt li kòm sakrifis yon sèl fwa pou tout peche nou yo, konsa Li akonpli sa lalwa te mande a. Pa gen lòt sakrifis ki bezwen fèt ankò.

Bondye fè tout bagay sa yo pou nou pou yon sèl rezon ; Bondye pa dwe nou anyen, men Li voye sèl Ptit Li Jezikri vin mouri sou yon kwa paske li renmen nou. Wi, se poutèt lanmou ke Bondye genyen pou nou menm, lèzòm ki fè Jezi te vin soufri sou kwa a. Fòk san yon moun kite san peche te koule pou lèzòm te ka jwenn padon pou peche yo e pou yo te kapab sove. Pa gen pèsonn lòt moun ki kalifye kòm yon moun ki san peche ki te kapab bay san li pou nou ke Jezikri sèlman.

Bondye te kapab vire do ban nou, men Li pat fè sa. Lanmou ke ligen pou nou an, se yon lanmou ke nou pa kapab rive konprann. Se pa anyen ke nou kapab fè pou Bondye, men Li chwazi pou Li renmen nou epi pou Li sove nou. Li enpòtan pou nou konprann ke nou pa anyen lè nou gade tout bagay ke Bondye kreye yo. Lè ou leve je ou nan syèl la, ou wè gwosè solèy la, lalin nan, zetwal yo, ou pa anyen devan tout bagay say o. Menm tè sa ke wap viv sou li a ak valè dlo ki nan lanmè a, lè ou gade yo, ou santi ou pi piti ke yon ti foumi. Lè ou gade vale moun ki ap viv nan lemonn, kisa ou ye pou Bondye ta menm panse avèk ou. Ou pa anyen ditou !

Gen yon atis ki ekri yon chante. Pawòl ki nan chante sa a, se kòm si misye chita yon kote, li repase tèt li epi li reyalize ke li pa anyen epi Sentespri enspire li pou li ekri chante sa a. men pawòl chante a :

1

Kilès mwen ye pou Bondye ki te fè tè a

Pran tan li pou li konnen non mwen,

Li pran tan Li pou Li santi doulè m.

Kilès mwen ye pou gwo zetwal di maten sa a

Chwazi pou Li klere chemen

Pou kè m ki toujou ap flannen

Refren

Non, se pa pou sa ke mwen ye ; men, se pou sa ke Ou te fè

Non, se pa pou sa ke mwen te fè ; men, se pou sa ke Ou ye

Mwen se yon ti flè kap fane byen vit

Mwen la jodi a, mwen pa la demen

Epi yo jete m byen lwen nan lanmè

Mwen se yon ti lafimen nan yon van.

A tou sa, ou tandé mwen lè map rele ou

Seyè, ou kenbe mwen lè map tonbe

Epi ou di mwen kilès mwen ye

MWEN POU OU, MWEN POU OU

2

Kilès mwen ye pou zye sa a, ki wè peche m yo
 Gade mwen avèk lanmou, e Li kite m leve ankò
 Kilès mwen ye, pou vwa sa a, ki konn kalme lanmè
 Rele nan mitan gwo lapi
 Pou Li kalme tanpèt ki nan lavi mwen.

Mo chante sa a fè ou wè ke vrèman pa gen anyen serye nan lèzòm pou Bondye ta menm bezwen panse ak nou. Ou fin fè de jou sou tè a, apre sa, ou fini. Men, Bondye di ou ke se pou Li ke ou ye e se sa kif è ke ou se yon bagay. Gen yon lòt atis ki ekri yon lòt bèl chante tou. Pawòl ki nan chante sa a, se kòm si se Bondye kap pale avèk ou pèsonèlman. Li vle fè ou konnen jan ke Li renmen ou. Tit chante sa a, se « **Lèt Damou** ». Li pawòl sa yo kòm si se Bondye ki ekri ou yon lèt.

1

Fè yon ti gade tèt mòn yo, gade rotè yo.
 Fè yon ti kout gade lanmè a, gade pi lwen ke je ou kapab wè.
 Epi panse avèk mwen
 Pran egzanp tout sab ki genyen nan dezè a
 Se menm jan tou, ou tankou yon ti gress sab nan monn lan.
 A tou sa, Mwen avèk ou ; kote ou ale, se la Mwen ye
 Mwen toujou ap panse avèk ou, gade alantou ou,
 Map eseye fè ou konprann yon bagay.

Refren

Mwen renmen ou plis ke solèy la, plis ke zetwal yo,
 E se Mwen ki te montre bagay sa yo jan pou yo klere.
 Se pou Mwen ou ye,
 E Mwen vle ou klere pou Mwen tou.

Mwen renmen ou, ni yè, ni jodi a, e map kontinye renmen ou demen,
 Map di ou ankò
 Mwen renmen ou plis.....

2

Ou se yon ti gress nan mitan tout moun ki sou tè a,
 Yon ti pay nan mitan yon lari ki plen moun
 Ou se youn nan yon milyon , e ou enpòtan pou mwen
 Se pou Mwen ou ye
 Mwen vle fè ou konnen ke Mwen pap jamè kite ou
 Menm lè ou ta tonbe nenpòt ki kote.

3

Map redi ou ankò, Mwen renmen ou plis...
 Klere pou Mwen, Mwen vle ou klere pou Mwen
 Map gade ou e se Mwen ki fè ou
 Mwen renmen ou plis ke ou ta kapab imajine,
 plis ke ou ta kapab konprann
 Pitit Mwen, Mwen renmen ou plis ke tout bagay.

Bondye renmen ou e Bondye vle gen yon relasyon avèk ou. Li pa ta vle pou pèsòn moun pèdi ; se poutèt sa Jezi te asepte vini mouri sou kwa a pou nou te kapab jwenn padon pou peche nou yo.

Avètisman

Apre ou fin fè etid sa a, ou kapab wè ke Bib la klè sou kesyon sove a. Sèl jan pou yon moun sove, se asepte Jezi pou sovè li. Men gen kèk bagay ke nou ta renmen fè klè nan tout pwen ke nou touche yo.

- 1- Refòmasyon ki vle di kite movèz vi pa kapab sove ou. Men, youn nan rezulta lè yon moun sove se kite movèz vi ou te konn mennen anvan an. Bib la di: « ***Men, Lespri Bondye a bay renmen, kè kontan, kè poze, pasyans, bon kè, seriozite, li fè ou gen bon manyè. Li fè ou aji ak dousè, li fè ou konn kontwole kò ou. Lalwa Moyiz la pa kont okenn nan bagay sa yo.*** » (**Galasi 5:22-23**) Jou ke ou asepte Jezi pou sovè ou, Bondye poze so Sentepri Li sou ou epi Sentespri vin abite nan ou. Se sentespri ki responsab e ki pwal bay kretyen an fòs pou li fè chanjman nan lavi li, lè ke kretyen an soumèt li devan Bondye.

Se sak fè tou lè wap ofri yon moun Levanjil la, li pa bon pou ou mande li pou li kite tout vye bagay li te konn fè yo epi pou li vin jwenn Jezi. Sa ou vle fè la a, se kòm si yon moun ki al peche pwason epi lap eseye netwaye pwason an san ke li pokon menm kenbe pwason an. Non, ou bezwen kenbe pwason an nan nas ou anvan ke ou eseye netwaye li. Se konsa, travay tout kretyen se pale tout moun ou konnen de Jezi. Di yo jan ke Bondye renmen yo e Jezi te mouri sou kwa a pou yo e yo bezwen asepte Jezi pou sovè yo. Si se pa sa, se nan dife lanfè ke yo pwal boule. Apre moun nan asepte Jezi, Legliz ap bezwen anseye moun nan pawòl Bondye pandan ke Sentespri ap fè yon travay nan moun nan. Bon travay

kap fèt nan kretyen an, se pa ak fòs kretyen an ke lap fèt. Men se Bondye kap fè travay Li nan kretyen an.

Se sak fè Pòl te ekri kretyen nan Filip pou li te di yo: « ***Mwen sèten Bondye ki te konmanse bon travay sa a nan nou, li gen pou l kontinye l jouk li va fini l nèt, lè jou Jezikri a va rive.*** » (**Filip 1:5-7**). Sa vle di ke se Bondye kap fè chanjman an nan ou e travay sa a ap fini lè ke ou va wè Jezi fas a fas nan dènye jou a. Se lè sa a, wap bon nèt, wap fini avèk ni peche, ni lanmò. Toutotan, dènye jou a pokò rive, kretyen an ap toujou gen chanjman ki bezwen fèt nan lavi li. Se sak fè, si se kite movèz vi ki pou ta fè yon moun sove, pa gen yon moun ki tap sove.

Women 3:23 di konsa: « ***Tout moun fè peche;*** ». Sa pa vle di ke pou ou kontinye viv nan peche. Si ou te konn vòlè, fòk ou kite vòlè a lè ou vin jwenn Jezi. Men, se pa kite vòlè a ki sove ou, se Jezi ki sove ou avèk san li. Si ou te konn viv nan debòch, fòk ou kite vi debòch la lè ou vin yon kretyen. Men, se pa kite vi debòch la ki sove ou, se Jezi ki te peye pou peche ou yo ki fè ou sove.

Si nou ta pran egzanp Zache ki te chèf pèseptè kontribisyon yo e ki te konn fè moun anpil abi nan pran bagay moun. Lè ke li te kontre ak Jezi, te gen yon chanjman ki te fèt nan misye. Zache te di Jezi konsa : « ***Koute, Mèt. Mwen pral bay pòv mwatye tout byen mwen genyen. Si mwen te twonpe yon moun pou m' pran lajan l', mwen pral rann li kat fwa lavalè.*** » (**Lik 19:8**)

Kisa ki te fè chanjman sa a nan Zache ? Paske Jezi sove li, gen yon travay ki fèt nan misye. Men se pa paske li pwal remèt sa li te vòlè osinon paske li pwal bay pòv mwatye tout byen li yo kifè ke li sove. Li vle fè bagay sa yo paske Jezi sove li. Nan vèsè 10 la, Jezi ki tap pale de tèt li di konsa: «***Moun Bondye voye nan lachè a vin chache sa ki te pèdi pou l' delivre yo.***»

- 2- Batèm pa kapab sove ou. Men, premye bagay yon moun sove fè, se asepte batèm. Nou wè anpil vèsè ki montre nou ke jou menm ke yon moun asepte Jezi, li vin yon moun sove, e se menm jou sa a tou ke moun nan batize. Se pa batèm nan ki sove ou, men si ou pa asepte pou yo plonje ou nan dlo, gen yon bagay ki pa fin sa. Apot Pyè te di konsa : « *Pou nou menm, dlo sa a kanpe pou dlo batèm lan k'ap delivre nou koulye a. Batèm lan, se pa yon bagay k'ap wete kras sou kò nou. Men, se yon angajman nou pran devan Bondye ak yon konsyans san repwòch. Bondye sove nou gremesi Jezikri ki te leve soti vivan nan lanmò* » (**1 Piè 3:21**). Vèsè a di ke Bondye sove nou gremesi Jezikri ki te leve soti vivan nan lanmò ; li pa di gremesi batèm. Batèm nan, se yon angajman ou pran devan Bondye ; konsa tout moun wè ke ou serye sou desizyon ke ou asepte Jezi pou sovè ou. Depi ke ou asepte Jezi, fòk ou batize paske se sa ke Jezi mande pou ou fè. Si yon moun di ke li kwè nan Jezi epi li pa vle batize ki se premye bagay ke moun nan ta sipoze fè, mwen ta kapab di ke sa pa yon bagay ki nòmal. Pa gen anyen ki ka anpeche yon moun batize depi ke li asepte Jezi pou sovè li.
- 3- Ale legliz pa kapab sove ou. Men lè yon moun sove, moun nan bezwen reyini ansanm avèk lòt moun sove pou yo ka grandi nan lavi yo. Nan **Ebre 10:25**, nou li konsa: « *Pa pran egzanp sou moun ki pran abitid pa vin nan reyinyon nou yo. Okontré, se pou yonn ankouraje lòt fè sa, koulye a pi plis pase anvan, paske nou wè jou Seyè a ap pwoche.* » Gen moun ki konn di ke yo pa pwale legliz paske gen twòp dezòd nan legliz. Kite m di ou: depi se kote ki gen moun ap toujou gen pwoblèm paske kòman ou ta vle wè pou ou ta pran yon bann moun ak tout move mès yo, epi ou mete yo ansanm pou ou ta panse ke pap gen pwoblèm. Menm lè ke ou se yon moun sove, sa pa vle di ke ou bon nèt. Moun sove a klè devan Bondye akoz de san Jezikri a ki lave tout peche l yo, ni sa li te fè anvan li te asepte Jezi e ni sa ke li gen

pou li fè. Sa vle di ke si ou te asepte Jezi lè ou te gen ven (20) tan, Bondye deja padone peche ke ou pwal fè lè ou gen senkant (50) tan ; sèl sa ou gen pou ou fè, se rekonèt e konfese peche ou yo bay Bondye. Menm si ke genyen ti pwoblèm nan legliz, konnen byen ke ou pa pi bon ke lòt moun ki ale legliz yo. Lè ke ou se yon moun sove, ou bezwen gen yon kote pou ou ale bay Bondye glwa, pou ou aprann Bib la, konsa pou legliz kapab grandi. Pòl di konsa : « *Pou fini, kisa m' vle di menm, frè m' yo? Lè nou sanble pou sèvis Bondye a yon moun va gen yon kantik pou l' chante, yon lòt va gen kichòy pou l' moutre nou, yon lòt va gen yon revelasyon pou l' bay, yon lòt ankò va gen yon mesaj an langaj, yon lòt menm va bay esplikasyon mesaj la: Se pou tou sa k'ap fèt ede legliz la grandi nan lafwa.* » (1 Korint 14 :26)

- 4- Travay pa kapab ba ou sali ; li pa kapab sove ou. Men, sa pa vle di ke ou pa bezwen travay. Nan lèt Pòl te ekri legliz Efèz la, li te di : « *Se li menm ki fè lèzòm kado divès pouvwa. Li bay kèk ladan yo pouvwa pou sèvi apòt, li bay lòt ladan yo pouvwa pou sèvi pwofèt, li bay lòt ankò pouvwa pou ananse bon nouvèl la, li bay dòt ankò pouvwa pou sèvi tankou pastè ak dirèktè. Konsa, li byen òganize pèp Bondye a pou yo chak fè travay sèvis yo, pou kò Kris la ka grandi nan konfyans.* » (Efèz 4:11-12) Vèsè 12 di klèman ke Sentespri òganize pèp Bondye a pou chak moun fè yon travay pou legliz kapab grandi nan lafwa. Kretyen an pa travay pou li kapab sove, men li travay pou tout legliz kapab beni e pou legliz ka grandi nan lafwa. Lè nou rive nan syèl la, pa gen moun kap kapab fè dyòlè pou di ke yo te travay anpil pou yo te kapab rive sove. Se sak fè Pòl te di konsa: « *Se paske li renmen nou kifè li delivre nou, nou menm ki mete konfyans nou nan li. Sa pa soti nan nou menm*

menm, se yon kado Bondye ban nou. Non, nou pa fè anyen pou sa. Konsa, pesonn pa ka vante tèt yo. » (Efèz 2:8-9).

Pòl montre nou trè byen ke ou pa travay pou ou sove. Men si nou kontinye li nan vèsè 10 la, nap wè yon bagay ki trè enpòtan. Li di konsa : « *Se Bondye ki fè nou. Nan Jezikri li kreye nou pou nou ka fè anpil bon zèv nan lavi nou, dapre sa li te pare davans pou nou te fè.* » (Efèz 2:10) Sa vle di ke Bondye te gen tan pare yon seri de opòtinite pou nou kapab fè yon seri de bon zèv nan lavi ou. Lè ou pase yon kote, ou wè yon moun ki nan bezwen, se Bondye ki mete moun nan sou wout ou pou ou kapab fè yon zèv. Lè ou abite nan yon kay epi vwazen ou lan pa ankò konnen Bondye, se Bondye kap ba ou yon opòtinite pou ou ofri moun nan Levanjil. Lè wap lapriyè, mande Bondye pou Li ouvè je espirityèl ou pou ou kapab wè travay ke li mete sou wout ou. Travay pou Jezi, se pa sèman dirije sèvis ak pote mesaj, pi gwo travay ou bezwen fè a, se andeyò legliz la li ye. Se ede moun ki nan bezwen ; se ale wè moun malad yo pou ou ede yo, ankouraje e priye avèk yo ; se anonse Bòn Nouvèl Jezikri a ak tout moun ou konnen ki pokò konnen Jezi. Nou sèten ke ou va jwenn rekonpans pou travay sa yo.

Pòl di konsa: « *Paske chonje byen: kit yon moun esklav, kit li lib, li gen pou l' resevwa sa ki pou li nan men Seyè a, dapre bon travay li fè a.* » (Efèz 6:8)

Pòl di ankò: « *Moun ki plante a ak moun ki wouze a, se menm bagay yo ye. Bondye va ba yo sa yo merite dapre travay yo fè* » (1 Korint 3:8)

Jezi di konsa: « ***Koute, m'ap vin talè konsa. M'ap pote rekonpans m'ap bay la avè m', pou m' bay chak moun sa yo merite dapre sa yo fè.*** » (**Revelasyon 22:11**)

Nou pa fè okenn travay pou nou sove, men nou travay **paske** nou sove. Frè m ak sè m yo, men yon ti konsèy map ba nou: « Mete men nou nan travay la, paske travay Bondye a, se sèl travay ki gen yon rekompans ke ou pap janm pèdi e ki pap janm fini. »

Konklizyon

« *Apre sa, mwen wè tout moun ki te mouri yo, gran kou piti, kanpe devan fòtèy la. Yo louvri yon bann liv. Apre sa, yo louvri liv ki gen non moun ki gen lavi yo. Yo jije tout moun mouri yo dapre sa yo te fè, dapre sa ki te ekri nan liv yo. Tout moun ki pa t' gen non yo ekri nan liv ki gen non moun ki gen lavi a, yo jete yo nan letan dife a tou.* » **Revelasyon 20 :12,15**

Zanmi mwen, Pawòl Bondye a di ke ou gen pou ou mouri epi wap gen pou ou parèt devan tribunal Bondye a. Eske non ou enskri nan liv lavi a ? Lè Bondye louvri liv ki gen non moun ki gen lavi yo, eske Bondye ap jwenn non ou ladan li ?

Pa gen yon pi bon lè tankou kounye a menm pou ou ta ofri tèt ou bay Jezi si ou pat ankò fè sa. Byen petèt ou konn ale legliz, men ou pat janm konprann sakrifis ke Jezi te fè pou Li te kapab ba ou lavi. Byen petèt ou konn ap eseye mennen yon bon vi pou ou te kapab jwenn gras nan men Bondye, men sa pa ase pou ba ou lavi etènèl. Sèl bagay ou bezwen fè se asepte Jezi pou sovè ou.

Li pa nesesè pou se devan ou pil moun pou ou ale osinon pou kèk moun priye sou tèt ou pou ou asepte Jezi. Se pale avek Bondye ou menm menm e kwè ak tout kè ou nan sa ke wap di Li a.

Se pa yon pil bagay ou bezwen di Bondye osinon fè yon gwo seremoni pou ou kapab asepte Jezi. Sa ki enpòtan sè ke ou konprann e kwè ak tout kè ou kat (4) bagay sa yo :

- 1) Rekonèt epi konfese devan Bondye ke se pechè ou ye.**
- 2) Konprann ke pa gen anyen ou kapab fè pou ou kapab vin bon devan Bondye e se nan lanfè tou dwat ou pwale.**
- 3) Kwè tout bon nan kè ou ke Jezi se ptit bondye a ki te vin bay vi Li pou ou, pou peche ou yo te kab padone e pou Li te kapab sove ou.**
- 4) Priye e mande Bondye pou l antre nan kè ou pou ou asepte Jezi pou sovè ou ak kado gratis ke li ba ou a.**

Si ou kwè nan twa (3) premye bagay sa yo e ou pat ankò janm mande Jezi pou l antre nan kè ou pou Sentespri vin abite nan ou, ou kapab fè yon senp priyè e mande li sa. Ou kapab priye konsa :

« Bondye, Mwen rekonèt ke se pechè mwen ye. Mwen di ou mèsi dèske ou te fè tout sa ki nesesè pou mwen te ka genyen lavi etènèl. Mèsi dèske sove a pa depann de mwen menm. Se Ptit ou, Jezikri ki te mouri pou mwen te ka genyen lavi sa a. Mwen rekonèt ke pa gen okenn lòt bagay mwen ta kapab fè pou mwen ta kapab eritye wayom syèl la. Jodi a, mwen asepte ou, Jezi kòm sòvè mwen e senyè mwen. Amèn ! »

Bondye beni ou!

Men kèk vèsè nan Bib la ki montre nou ke se pa sa ou fè kap sove ou, men se konfyans ou genyen nan Jezi kap ba ou lave etènèl

Mak 16 :15-16

Epi li di yo: -Ale toupatou sou latè, anonse Bon Nouvèl la bay tout moun. Moun ki kwè epi ki resevwa batèm va delivre. Men, moun ki pa kwè va kondannen.

Jan 3 :16-18

Paske, Bondye sitèlman renmen lèzòm li bay sèl Pitit li a pou yo. Tout moun ki va mete konfyans yo nan li p'ap pedi lavi yo. Okontré y'a gen lavi ki p'ap janm fini an. Bondye pa voye Pitit li a sou latè pou kondannen lèzòm, men pito pou l' te kapab delivre yo. Moun ki mete konfyans yo nan Pitit Bondye a p'ap kondannen. Men, moun ki pa kwè nan li, yo déjà kondannen, paske yo pa t' gen konfyans nan sèl Pitit Bondye a.

Jan 3 :36

Moun ki mete konfyans yo nan Pitit la, yo gen lavi ki p'ap janm fini an. Moun ki desobeyi Pitit la, yo p'ap gen lavi sa a. Se kòlè Bondye k'ap tonbe sou yo.

Jan 6 :47,48

Sa m'ap di nou la a, se vre wi: moun ki mete konfyans yo nan Bondye, se yoki gen lavi ki p'ap janm fini an. Se mwen menm pen ki bay lavi a.

Jan 10 :9

Se mwen menm ki pòt la. Moun ki pase nan mwen pou antre, la sove. La antre, la soti, la jwenn manje pou l' manje.

Jan 11 :25-26

Jezi di li: Se mwen menm ki leve moun mouri yo, se mwen menm ki bay lavi. Moun ki mete konfyans yo nan mwen, yo gen pou yo viv menm si yo rive mouri. Moun k'ap viv, epi ki mete konfyans yo nan mwen, yo p'ap janm mouri. Eske ou kwè sa?

Jan 14 :6

Jezi reponn li: Se mwen menm ki chemen an. Se mwen menm ki verite a, se mwen menm ki lavi a. Pesonn pa ka al jwenn Papa a si li pa pase nan mwen.

Travay 4 :11-12

Se Jezi menm yo t'ap pale nan pawòl sa a ki ekri nan liv la: Wòch nou te voye jete lè nou t'ap bati a, se li menm ki tounen wòch ki kenbe kay la. Se li menm sèl ki ka bay delivrans paske Bondye pa bay non okenn lòt moun sou latè ki kapab delivre nou.

Travay 10 :43

Tout pwofèt yo te di sa sou li: Nenpòt moun ki met konfyans yo nan Jezi va resevwa padon pou tout peche yo gremesi non sa a.

Travay 15 :9-11

Li pat fè okenn diferans ant yo menm ak nou menm: nou wè li lave kè yo paske yo te kwè nan li. Koulye a, poukisa pou n'ap seye fè plan ak Bondye konsa, lè nou vle fè disip yo pote yon chay ni zansèt nou ni nou menm nou pa t' ka pote? Okontrè, nou kwè se yon favè Jezikri fè nou lè Li delivre nou, menm jan li fè l pou yo tou.

Travay 16 :30-31

Apre sa, li fè yo soti, li mande yo: Mesye, kisa mwen dwe fè pou m delivre? Yo reponn li: Mete konfyans ou nan Seyè Jezi, epi wa va delivre, ou menm ansanm ak tout fanmi ou.

Women 3 :23-24

Tout moun fè peche; yo tout vire do bay Bondye ki gen pouvwa a. Men Bondye ki renmen yo, li fè yo gras. Li fè sa pou yo gratis, gremesi Jezikri ki vin delivre yo.

Women 3 :28

Nou kenbe sa nou di a: se paske yon moun gen konfyans nan Bondye kifè Bondye fè li gras, se pa paske li fè sa lalwa mande.

Women 6 :23

Peche peye nou kach: li ban nou lanmò; men kadò Bondye ban nou gratis la, se lavi ansanm ak Jezikri, Seyè nou an, yon lavi ki p'ap janm fini.

Women 9 :31-32

Men, moun pèp Izrayèl yo ki t'ap chache yon lalwa ki pou ta fè Bondye fè yo gras, yo pa jwenn sa yo t'ap chache a. Poukisa? Paske yo pa t' mete konfyans yo nan Bondye; yo t'ap chache mwayen pou Bondye fè yo gras ak zèv yo t'ap fè yo. Se konsa y' al frape pye yo sou wòch k'ap fè moun bite a.

Women 10 :9-11

Si ou deklare ak bouch ou devan tout moun Jezi se Seyè a, si ou kwè tout bon nan kè ou Bondye te fè l' leve soti vivan pamì mò yo, wa sove. Paske, lè yon moun gen konfyans tout bon nan kè l', se lè sa a Bondye fè l' gras. Lè yon moun deklare ak bouch li devan tout moun li gen konfyans nan Bondye, se lè sa a Bondye delivre li, dapre sa ki ekri nan Liv la: Nenpòt moun ki mete konfyans yo nan li p'ap janm soti wont.

Efèz 2 :8,9

Se paske li renmen nou kifè li delivre nou, nou menm ki mete konfyans nou nan li. Sa pa soti nan nou menm menm, se yon kado Bondye ban nou. Non, nou pa fè anyen pou sa. Konsa, pesonn pa ka vante tèt yo.

Efèz 3 :12

Ak lavi n'ap mennen ansanm nan Kris la, gremesi konfyans nou gen nan li a, nou lib pou nou pwoche devan Bondye san kè sote.

Galat 2 :16

Men, nou konnen se pa paske yon moun fè tou sa lalwa jwif yo mande kifè li inonsan devan Bondye, men se lè li mete konfyans li nan Jezikri Bondye va fè l' gras. Se poutèt sa, nou menm tou, nou te mete konfyans

nou nan Jezikri. Konsa, se pa paske nou te fè sa lalwa jwif yo mande kifè Bondye fè nou gras, men se paske nou te mete konfyans nou nan li. Bondye p'ap fè pesonn gras paske li fè sa lalwa mande.

Galat 2 :21

Mwen pa voye favè Bondye fè m' lan jete. Paske, si lalwa ka fè Bondye fè yon moun gras, enben, Kris la mouri pou gremesi.

Galat 3 :9-11

*Se paske Abraram te mete konfyans li nan Bondye kifè Bondye te beni li. Konsa, tout moun ki mete konfyans yo nan Bondye va resevwa benediksyon Bondye a ansanm ak Abraram. Moun ki mete nan lide yo lalwa a ka sove yo, yo anba madichon. Men sa ki ekri nan Liv la: Madichon pou tout moun ki pa fè tou sa ki ekri nan Liv lalwa a tout tan. Lalwa pa kapab fè Bondye fè pesonn gras. Se bagay ki klè. Men sa ki ekri nan Liv la: **Moun Bondye fè gras paske yo gen konfyans nan li, se yo menm ki va gen lavi.***

Galat 5 :4-5

*Moun ki kwè Bondye ap fè yo gras paske yo fè sa lalwa a mande, yo vire do bay Kris la. Yo pèdi favè Bondye a. Pou nou menm, nou gen espwa **Bondye va fè nou gras paske nou gen konfyans nan li.** Se sa menm n'ap tann, gremesi pouvwa Lespri Bondye a k'ap travay nan nou.*

Filipyen 3 :9

*Konsa, mwen pa gen pretansyon mwen bon paske mwen fè sa lalwa a mande. Men, Bondye fè m' gras paske mwen mete konfyans mwen nan Kris la. Wi, **Bondye fè tout moun ki mete konfyans yo nan li gras.***

1 Timote 2 :3-5

*Se bagay konsa ki byen, ki fè Bondye, Sovè nou an, plezi. Li ta renmen wè tout moun sove, li ta renmen wè tout moun rive konn verite a. Se yon sèl Bondye a ki genyen. **Se yon sèl moun tou ki mete lèzòm dakò ak Bondye ankò, se Jezi, Kris la.** Se li menm ki te asepte mouri pou tout moun ka sove. Se prèv sa a*

Bondye te bay, lè lè a te rive pou moutre jan li ta renmen wè tout moun sove.

Tit 3 :4-7

Men, lè Bondye fè nou wè jan li gen bon kè, jan li renmen tout moun, li te delivre nou. Li pa t' delivre nou paske nou te fè kèk bagay ki bon, men paske li menm li te gen pitye pou nou. Li delivre nou lè li lave nou, li voye pouvwa Sentespri li nan nou pou chanje nou nèt, pou n' te ka viv yon lòt jan. Bondye voye Sentespri li sou nou an kantite, gremesi Jezi, Kris la, ki delivre nou. Avèk favè sa a Bondye fè nou an, li fè nou gras. Koulye a nou ka resevwa sa n'ap tann lan: lavi ki p'ap janm fini an.

1 Jan 5 : 1

Tout moun ki rekonèt Jezi se Kris la, se pitit Bondye yo ye. Si ou renmen yon papa, se pou ou renmen pitit li tou.

1 Jan 5 : 13

M'ap ekri nou lèt sa a, nou menm ki kwè nan Pitit Bondye a pou nou ka konnen nou gen lavi ki p'ap janm fini an.

1 Pyè 3 :21

Pou nou menm, dlo sa a kanpe pou dlo batèm lan k'ap delivre nou koulye a. Batèm lan, se pa yon bagay k'ap wete kras sou kò nou. Men, se yon angajman nou pran devan Bondye ak yon konsyans san repwòch. Bondye sove nou gremesi Jezikri ki te leve soti vivan nan lanmò.



Jezi reponn li: **Se mwen menm ki chemen an.**

Se mwen menm ki verite a,

Se mwen menm ki lavi a.

Pesonn pa ka al jwenn Papa a

Si li pa pase nan mwen.